Накъыгъэм и 1-р Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№81-82 (22.990) ● 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 30, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къафэмкіэ гъуаджэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырахьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр яфІэщын

Аскеров Рэмэзан Таид и къуэм - «Балкария» къэрал фольклор-этнографие къэфакІуэ ансамбль» къэрал щэнхабэз кІэзоно Іуэхущ1апІэм и балетым и артистым

Бацэ Анжеликэ Константин и пхъум - «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамбль» къэрал кІэзоно Іуэхущ1апІэм и балетым и артистэ пажэм

Гижгиев Муслим Амырхан и къуэм - «Балкария» къэрал фольклор-этнографие къэфакІуэ ансамбль» къэрал щэнхабэз кІэзоно Іуэхущ1апІэм и балетым и артистым

Горбуновэ Ольгэ Александр и пхъум - «Тэрч къэзакъэм уэрэдымрэ къафэмкІэ я Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал фольклор ансамбль» къэрал кІэзоно щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и артисткэм-уэрэджы1акІуэм

Дзыхьмыщ1 Джульеттэ Мартин и пхъум - «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамбль» къэрал кІэзоно Іуэхущ1апІэм и балетым и артистэ пажэм

Куэтэншы Руслан МуІэед и къуэм - «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамбль» къэрал кІэзоно Іуэхущ1апІэм и балетым и артист пажэм

Мусукаев Мурадин Камал и къуэм - «Балкария» къэрал фольклор-этнографие къэфакІуэ ансамбль» къэрал щэнхабзэ кІэзоно Іуэхущ1апІэм и артистым-уэрэджы1акІуэм

Шэрджэс Заремэ Хьэсэн и пхъум - «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамбль» къэрал кІэзоно Іуэхущ1апІэм и балетым и артистэ пажэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№60-УГ

Текіуэныгъэм и махуэшхуэм епхауэ ди республикэм щыізфІагъэкІ Іуэху дахэхэм хэту, щэбэт кІуам дэшхуей жыг хадэм жыгыщІэ цІыкІуэр щыхасащ.

Текіуэныгъэм и щІыхькІэ

АБы и жэрдэмщІакІуэр Налшык къалэ администрацэрщ. ЗэІуущІэм хэтащ зауэм, лэжьыгъэм и ветеранхэр, къалэ администрацэм и лэжьакІуэхэр, республикэм ит еджапІэхэм я лЫкІуэхэр, уеблэмэ, сабий садым кІуэхэри а Іуэхум кърашэлІащ.

- Ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм хабзэфІу яІащ я нэхъыжь пщІэ хуащІрэ ар ягъэлъапІэу псэуныр. Мы жыгыщІэ цІыкІуэхэр нэхъыжьхэм яхуэзыщІ пщІэм, щІыхьым и щыхьэт ирехъу,- жиІащ Налшык къалэ администрацэм и тхьэмадэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**.

Зауэм, Лэжьыгъэм, Іэщ1экІэ Зэщ1эуэзэда Къарухэм, хабзэхьумэ Іуэхущ1апІэхэм я ветеранхэм я Налшык къалэ Советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа** и псалъэхэр ди щІыналъэ дахэр яхъумэн папщІэ зи псэр зытахэм пщІэ яхущІыным, абыхэм я щапхъэм къыдэкІуэтей щІэблэр къыщІэгъэтэджэным теухуауэ щытащ.

КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Мэкъумэш университетым и студент **Щоджэн Амир** щІалэгъуалэм къабгъэдэкІыу нэхъыжьхэм фІыщІэ псалъэ яжриІащ, абыхэм я лЫгъэр зэращымыгъупщэнри къыхигъэщащ.

Абы иужь нэхъыжьхэмрэ нэхъыщІэхэмрэ зэгъуэгу дэшхуей жыгыу 70 хасащ. КъыдзэгъэпэщакІуэхэм къыззрагъэлъэгъуамкІэ, нэмыщІ зэрырихьыуакІуэхэм къэралыр къезыгъэлэхэм я щІыхьыр яхъумэн, ахэр щІэлэм ящІэжу къагъэтэджын мурад яІэу жыгэр хасащ.

Зэманыр макІуэ, гъащІэми щІэкІуэд къыхохьэ, ауэ ди нэхъыжьхэм зэрахьа лЫгъэр абыхэм фагъуэ щІэхъуькІынкъым.

МУРАТ Маринэ.

★★★ ★★★

● Зауэм и лъагъуэхэр

«Къру хужьхэр» гъуэгуанэ тоувэ

ТекІуэныгъэ Иным и илъэс 70-м теухуа «Къру хужьхэр» етхуанэ къэрал зэхуаку автомобиль зекІуэр Дагъыстэным и цІыхубэ усакІуэ Гамзатов Расул и фэеплъу Мэхъэчкъалэ дэтым деж мэлыжьыхьым и 27-м къыщежьэри, къыкІэлъыкІуэ махуэм ди республикэм и къалащхьэ Налшык къэсащ.

1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэр ди ТекІуэныгъэкІэ зэриухрэ илъэс 70 зэрырикъум теухуа Іуэхугъуэхэм хьыбу къызэрагъэпэща автомобиль зекІуэм накъыгъэм и 7 пщІондэ пищэнущ.

Налшык ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм ит МафІэ мыужьыхьым деж хьэщІэхэмрэ абыхэм яІуща бысымэхэмрэ щызэрихьэлІащ.

- Дэркіэ нэрылъагъущ, Мэхъэчкъалэ къыщежьа чырэм хэтхэм Хэку зауэшхуэм хэкІуадэхэм пщІэ зэрыхуащІри, я лъахэгъу, усакІуэ цІэрыІуэ Гамзатов Расул и фэеплъ дахэр зэрагъэлъапІэри, - щыжиІащ и пэублэ псалъэм КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр Шагин Сергей. - Мыбдежым щызэхуэса ныбжьыщІэхэми нобэрей зэІуущІэм и мыхьэнэр зэрызыхащІэнум шэч къытетхьэркъым.

«Къру хужьхэр» зекІуэм хэтхэм къабгъэдэкІыу пэкІуэм къыщыпсэлъащ, гъуэгурыкІуэ гупым я нэхъыщІэ дыдэ, пщащэ цІыкІу Гаджиевэ Камилэ. Абы къызэзгъэсахэм иджыри зэ ягу кьигъэкІыжащ Текіуэныгъэ Иныр къахуэзэгъэхьэм пщІэ зэрахуэщІыпхъэр, абыхэм я фэеплъ мыужьыхьым щІэблэр зэрыщІэпІыкІыпхъэр.

«Каспийск» автоклубым и тхьэмадэ, зекІуэм и унафэщІым и къуэдзэ Алиев Абдул зэрыжиІамкІэ, абыхэм зауэлІ щІыхьым и къалэхэмрэ Къалэ-Пыхъужьхэмрэ зэщІагъэхьэнущ. Аэар Мэхъэчкъалэ - Грозн - Магас - Мэлгъэбэг - Владикавказ - Елъхуэт - Налшык гъуэгум ирикІуэнущ. ИужькІэ, Мейкъуапэкіэ дэкІынурэ, Хы ФІыщІэм Іус Тіуапсы, Новороссийск, Анапэ пхыкІынущ, кІэлъыкІуэу Крымым и Керчь, Симферополь, Севастополь къалэхэм щыІэнурэ къраІуэнтІэкІыжынущ икІи къыщыкІуэжкІэ Алупкэ, Темрыкъуэ, Краснодар, Псыхуабэ къыпхыкІыжынурэ МэхъэчкъалэкІэ ягъэзэжынущ.

- Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я лЫкІуэкрэ гъуэгум къыщытхъыхьнущ. Аращ мы зекІуэм къэрал зэхуаку мыхьэнэ щІиІэри. Чырэм машини 9-рэ цІыку 20-рэ хэту, - къыхигъэщащ гупым я нэхъыжь Алиев Абдул.

Зекіуэм хэтхэм пэкІуэр, зэІуущІэхэр ирагъэкІуэкІынущ, Хэку зауэшхуэм хэкІуадэхэм я фэеплъэм удэ гъэгъахэр траЛъхьэнущ, ветеранхэми яхуэзэнущ.

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

ГуфІэгъуэр зэгъусэу дывгъэІэт!

Накъыгъэм и 1-м къэралым и дэнэ щІыпІи щекІуэкІынущ улахуэхэмрэ пенсэхэмрэ хэгъэхъуэныным. Урысейм и щІыхьхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ профсоюзым къыззригъэпэщыну Іуэхухэр. ГуфІэгъуэ дауэдапщэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэхэмрэ къалэхэмри къыщызэрагъэпэщынущ. Накъыгъэм и 1-м Налшык пэкІуэ ин къыщызрагъэпэщынущ, гуфІэгъуэ концерт щекІуэкІынущ.

Профсоюзхэм а махуэм утыку кърахьэну Іуэхухэм я гугъу ещІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюзхэм я Іэтащхьэ Амщыкъуэ ФатІимэт:

- Урысейм и профсоюзхэм я дежкІэ ар иужьрей илъэсхэм къаззрыщыхьуу хуежьам хуэдэу Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэ къудейкъым. Ди дежкІэ накъыгъэм и 1-м гуащІэрыпсэухэм законкІэ я Іэ хуитныныгъэхэмрэ абыхэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ щІэбэныным и дунейпсо махуэу сыт щыгъуи щытащ, иджыри зэрыщытыр алхэдэуц.

2015 гъэм и мазаем Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и ІХ съездым къыщащтащ «ЦІыхум и пщІэм хьеэзгъэлэжьыгъэр абы и ефІэкІуэныгъэмрэ къэралым и зыужьныныгъэмрэ я лъабжьэщ» программэр. Абы профсоюзхэм къалэн ящещІ дэтхэнэми хуэфэщэн лэжьапІщІэ иратыным, цІыхухэр Іэнатіэ тэмэмэмкІэ къызэгъэпэщыным, къэралым и социальнэ щэсыпІэхэр игъэзэщІэным, забастовкэхэр ирагъэкІуэкІынымкІэ щыІэ хуитныныгъэр, профсоюзым и хуитныныгъэр хъумэным щІэбэныну.

2015 гъэр профсоюзым хэтхэм я дежкІэ илъэс хэхащ, юбилей илъэсщ. ТекІуэныгъэ Иныр мы махуэхэм илъэс 70 зэрырикъум къыдэкІуэ, мы гъэм дз гъэлъэпІэнущ ди къэралым и профсоюз зэщІэхъеенныгъэм и лЫабжьэр зэрагъэтІылъэрэ илъэси 110-рэ, Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэр илъэс 25-рэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюз зэщІэхъеенныгъэр илъэс 95-рэ, КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэр илъэс 25-рэ зэрырикъур. Апхуэдэ пІалъэ гъуаэзджэхэм дз зыхуэдгъэувыжа Іуэхуэр зэдгъэхуІэным нэхъри ерыщу дызэрыщІэбэныным дытрагъэгушхуэ.

Профсоюзым хэт цІыху мелуанэр къэрал псом уэрамхэм къыщыдыхьэнущ «Уасэхэм зэрыхэхъуэм къыхэкІыу лэжьапщІэр хуэдитІкІэ къэІэтын!» къыхуеджэныгъэм щІэту. Урысейр иджыпсту гугъуехьэм хэхуащ сырьем и уасэм зэрыкІрыхуам, абы и экономикэм нэгъуэщІ къэралхэр къыззрыпэщІэувам къыхэкІыу. ЦІыхум махуэ къэс къыгъэзэбэп хьэпшыпхэмрэ Іуэхутхэзэхэмрэ я уасэр дэуейри, гуащІэрыпсэухэм я псэукІэр ехуэхащ. Улахуэм къызэрыщІагъу псынщІагъыр иджыри хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэмрэ я уасэхэм зэрыхэхъуэм къыкІэроху. Улахуэм хэгъэхъуэныр зэрызэтрагъэкІуэм къыхэкІыу пенсэм и Іэнатіэм Іэрыхьэ ахъшэри мащІэщ, абы къыхэкІыу лэжьакІуэхэр нэгъэсауэ хэтыфырыкъым пенсэм папщІэ гъэтІылъыгъэхэр зэтелъхьэным.

Профсоюзхэм нобэ властым и органхэр къыхуараджэ:

- нэхъ мащІэ дыдэу ят лэжьапщІэр 2015 гъэм хуэдитІкІэ къэІэтыну;

- илъэсыпІэкІэ улахуэм къыщІэкІыр нэхъыбэ ящІын папщІэ къэрал, муниципальнэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэ псоми хуэдэ лэжьапщІэм 2015 гъэм зэрыхуэфащэкІэ хагъэхъуэну;

- лэжьапІэ зэрамыІэм папщІэ цІыхухэм ират пособиехэм 2014 гъэм ахъшэм къыщІэкІыр нэхъ мащІэ зэрыхъуам хуэдизкІэ 2015 гъэм хагъэхъуэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэмкІэ, ТекІуэныгъэ Иным и юбилей къэблэгъамкІэ сохъуэхъу икІи псори къыхуэзоджэ профсоюзхэр дагьыгьуну, накъыгъэм и пэщІэдзэм абы къыззригъэпэщ Іуэхухэм жыджэру хэтыну.

Налшык и гуащІэрыпсэухэм Профсоюзхэм я унэм (Лениным и уэрам, 53) деж сыхьэти 10-м щежьэнурэ Абхъазым и утым нэс кІуэнущ. Пэкіур сыхьэт 11-м ирагъэкІуэкІынущ.

● Обозревателым и псалъэ

Тхыдэм хэгъуэщэжынукъым

Дэ, нэхъыжьхэр, сыт щыгъуи дыпэплъэу щытащ Накъыгъэм и 1-м. Абы пасэу зыхуэдгъэхьэзырырт. Сыт и лъныкъуэкІэ Гуфіэгъуэт: махуитІкІэ дыщыст, пэкІуэм дыхэтт, шыгъажхэм деплъыт. Щхьэтечу жыпІэмэ, ди гъащІэм увыпІэ ин щызыубыда гуфІэгъуэт. Иджы, зэрыгурыІуэгъэщи, абы и мыхьэнэр екуэха хуэдэщ, арщхьэкІэ цІыхухэм ягу кьинэжащ.

Совет властым и зэманым Накъыгъэм и 1-р ягъэлъапІэу щытащ Гуащ1эрыпсэухэм я зэкъуэтныныгъэм и дунейпсо махуэу. Арщхьэкіэ, ар тхыдэшхуэ зиІэ махуэщ.

Фигу кьэдгъэкІыжынщ тхыдэм щыщ лъэхэнэхэр.

Пасэрей Римым щыпсэухэм Накъыгъэм и 1-м Іэщ хуаукІырт Майя. Ар абыхэм я дежкІэ гъатхэм и тхьэт, гъавэр бэв хъуныр зэлъытари арауэ ябжыт.

Курыт лІэщІыгъуэхэм Европэми щагъэлъапІэу щытащ а махуэр. Мыбы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иІэт: мэлыжьыхьым и 30-м илъэсыр иухырт, цІыхухэр илъэсыщІэ къраГъэблагъэу уэрамхэм уэру къыдыхьэрт.

18-нэ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм Накъыгъэм и 1-р ягъэлъапІэу ди къэралым щызыгъэувар Пётр Езанэщ.

Иджы тхыдэ гъунэгъумкІэ дыкъэІэбэнщ. Политикэ мыхьэнэ иІэу мы махуэр гъэлъэпІэныр 1886 гъэм къежьащ. Абы щыгъуэм Накъыгъэм и 1-м Лэжьыгъэмкіэ американ федерацэм, анархистхэм къагъэІуэпри, гуащІэрыпсэухэм лъэпкъыпсо забастовкэ зэхуаблащ, лэжьэгъуэ махуэ сыхьэт 15-р сыхьэти 8-м хуагъэкІуэну къагъэуву. Псом хуэмыдэу зыкъыщыІэтащ США-м и Чикаго къалэм. Гуащ1эрыпсэухэмрэ полицэмрэ зэжьэхэуащ. Иужьрейхэр зэхуэсахэм яхэуащ, цІыху куэд яубыдри агъэтІысащ.

А илъэс дыдэм и бадзэуэгъуэм етІуанэ Интернационалым Париж щригъэкІуэкІа Конгрессым гъэпщылІакІуэхэм япэщІэува американ лэжьакІуэхэм я фэеплъыр тхыдэм къыхинэн мурадкІэ, унафэр кІищащ ар къэрал псоми я пролетархэм я зэакъылэгъуныгъэм и махуэу ягъэувыну.

Революцэм и пэкІэ Урысейм махуэшхуэр щагъэлъапІэрт щІэуфауэ, хІущІыІу замыщІу. Гуащ1эрыпсэухэр къуафэжьейхэмкІэ псым техьэрти Іусыкіырт, бдзэжьей ещэн хуэдэу. Мазыбгъуэхэм щызэхуэсыртри, я псэукІэ хьэлъэм тепсэлъыхьырт.

Накъыгъэм и 1-р Урысейм махуэу ягъэлъапІэу щыщІадзар 1917 гъэрщ. Совет Союзым ар щыхуащ Гуащ1эрыпсэухэм я зэакъылэгъуныгъэм и махуэ.

СССР-р лъэлъэжа иужь, илъэс бжыгъэ дэкІри, абы фІащащ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэ щІэр.

Мы махуэр щагъэлъапІэ щыпІэ куэдым. 1939 гъэм къыщыщІэдзауэ Накъыгъэм и 1-р Швециемэ зыгъэпсэхугъуэ махуэу къыщыкІуэкІ. Инджылызри аращ - 1977 гъэм лейбористхэм Накъыгъэм и 1-р къэрал махуэшхуэу щагъэуващ.

Накъыгъэм и 1-р СССР-м и республикэу щыта зыбжанэми щагъэлъапІэ.

Арщхьэкіэ, гъэщІэгъуэныращи, Накъыгъэм и 1-р къыщежьа США-м ар щылэжьэгъуэ махуэ къызэрыгуэкІщ.

Сыт хуэдэу къемыкІуэкІми, Накъыгъэм и 1-р зэи тхыдэм хэкІыжьынукъым. Ар абы къыхэнэщу щІыхьэмрэ лъэпкъэмрэ зэхуэгъэныным, захуагъэ зыхэль псэукІэм я дамыгъэу.

ШАЛ Мухьэмэд.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщІэ зыхуэтщІхэ!

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и комитетыр къывохъуэхэу ГуащІэрыпсэухэм я зэкъуэтныныгъэм и дунейпсо махуэмкІэ!

Накъыгъэм и 1-р фІым телажьэ щІыхь псори гуащІэрыпсэухэм я хуитныныгъэхэр хъумэным хэгъэзауэ щызэкъуэувэ, зи гуащІэкІэ псэужьэр уэрамхэм яхьыдыхьэу зэхуэдэныгъэм, зэкъуэшыгъэм, мамырыгъэм щІэбэныным я къару псори хуагъэпсыну зэрыхьэщІыкІыпхъэр Іэтауэ щыжаІэ махуэщ.

Накъыгъэм и 1-м тхыдэ гъуэгуанэ иІэщ. Абы лъэпкъ зэмылІэужьыныгъэхэм кьахэкІа, зи ныбжькІи Іэщ1агъэкІи зэхуэмыдэ щІыхьэр гуфІэгъуэкІэ зэкъуегъэувэ икІи дуней псом захуагъэр щытепщэу щытыным хуэгъэза Іуэхуэхэм яхуэзщІегъэІуэ.

Мы гъатхэ гуфІэгъуэ махуэшхуэм гукъыдэж, ефІэкІуэныгъэ, къару, зэфІэкІ кьыфхурехь, апхуэдэу дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэр, зэрыщыту къэралым я нобэмрэ пщэдеймрэ егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ псоми зэдедгъэкІуэкІ лэжьыгъэшхуэр къыдрехьулІэ!

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и комитетым и ипэ секретарь
ПАЩТЫ Борис.

Оперативнэ штабым цІыхухэр сакъыну къыхуреджэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Оперативнэ штабым цІыхухэр къыхуреджэ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэм, ТекІуэныгъэ Иным и махуэм хиубыдэу нэгъэсыжь Іуэхуэхэр щрагъэкІуэкІІэ террорым пэщІэтыныкІэ хабзэхэр ягъэзэщІэну, цІыху куэд щызэхьыхьэну щІыпІэхэм щысакъыну.

САБИЙХЭР факІэлъымыплъу фымыутІыпщ, автотранспортыр хухаха щІыпІэхэм щызгъуэ.

Гугъуехь зэмылІэужьыныгъэхэр кІэлъыкІуэу Іуэхуэхэр фымылэжь. ГуфІэгъуэ даудапщэхэр щрагъэкІуэкІкІэ жылагъуэ хабзэр яхъумэну зи къалэнхэм законым тету къыфхуагъэувэкІ зэрыззащІэ.

Нэгъэсыжь Іуэхуэхэр щрагъэкІуэкІ щІыпІэхэм щыкІуэкІэ къуржьнышхуэхэр, къэзынтынкІэ, къэузнкІэ хъуну пкъыгъуэхэр, мэ гуащІэ къызэкІэрих пкъыгъуэхэр, пиротехникэ Іэмэпсымэхэр, сэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэдащтэ хъунукъым.

МыхъумышІагъэхэр къэмыхъун папщІэ дэтхэнэри тКІийуэ тетын хуейщ щІыпІэ щхьэхуэхэм транспорткІэ е лъэсу зэрихьэ, къызэрикІыж хабзэхэм. Гурыщхьэ гуэр фэзэгъэщІ хьэпшып флъэгъуамэ, ар гулъытэншэ фымышІ, ар къэзыгъэнэнкІэ хъунур зэрызэвгъэщІэным фыхуущІэкъу. Ауэ езы хьэпшыпым фемыуСэ, фымыгъэхьей: ар лагъыму къыщІэкІмэ, къауэу цІыху куэд хэкІуэдакІэ хъунущ.

Хьэпшыпым и теплъэм къуимыгъэщІэнкІэ хъунущ ипэжыпІэкІэ ар зищІысыр. Лагъымыр гъэпщкІуэ хъун папщІэ ар къызэрригуэкІ хъуржьнхэм, ашыкхэм ираЛъхьэ е зэрыджэгу Іэмэпсымэм и теплъэ иІэу ягъэтІылъ.

Гулъытэншэу къэвмыгъанэ зыгъэ уэзыгъэщІ цІыхухэр, нэгъуэщІ цІыналъэхэм я къэрал дамыгъэхэр зытелъ автомашинэхэу зэман кІыхькІэ зы щІыпІэм деж щытхэр. Гурыщхьэ гуэр фщІамэ, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм хъыбар евгъащІэ, абыхэм я деж пІащІэгъэкІэ зэрыпсалъэ телефоныр къэвгъэсэбэпи. Зыщымыгъэгъупщэ: фэ фи гулъытэмрэ хабзэхъумэ органхэм я лэжьакІуэхэм фадэІэпыкъуну фызэрыхьэзырымрэ я фЫгъэжь щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэр ямылэжьыфу къэнэнкІэ хъунущ.

ПІащІэгъэкІэ фыздэпсалъэ хуну телефонхэр:

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабым - **48-15-48**;

ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм - **48-15-81**;

КъБР-м щыІэ МВД-м - **40-49-10**, **49-50-62**;

УФ-м Следственнымкіэ и комитетым Следственнымкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм - **77-64-22**;

УФ-м и МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм - **39-99-99**.

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.

Фэеплъ щIыпIэхэм

Хэкум и щхьэхуитыныгъэм зи псэр щIэзытахэм щIыхь зэрыхуащIым и щIыхьэту блогер ныбжьыщIэхэм фэеплъ щIыпIэхэм зыщаплъыхьащ.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ я зекIуэр щаублащ Исл1эмей къуажэм. Абыхэм Хэку зауэшхэм хэкIуэдахэм я фэеплъым и деж дзэ гъэгъахэр тралъхьащ. Иужьк1э ахэр дэкIуеящ «Лы1ужьхьэм я щIыхь» аркэмрэ «37-нэ армэм и зауэлIхэм я фэеплъ мывэмрэ» эдэщIыIэ лъагапIэм. Котляровэ Мариерэ Мокаев Тенджьызрэ щIалэгъуалэм яхутепсэлъыхьащ 37-нэ армэм хэта сэлэтхэм зэрахьа лIыхъужьыгъэм, 1942 гъэм и бжьыхьэм Налшык къебгъэрыкIуэну къежьа фашистхэм мазитIкIэ зэрапэщIэтар.

Блогерхэр щыIащ Зеикъуи. Къуажэ администрацэм и лэжьакIуэхэм ящIыгъуу абыхэм Хэкум и щхьэхуитыныгъэм зи псэр щIэзытахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ, хэкIуэдахэм дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ. «Мемориал - Эльбрус» лъыхъуакIуэ гупым хэтхэр тепсэлъыхьащ Iуащхьэмахуэ и Iэгъуэблагъэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм. ЛъыхъуакIуэ гупым я къалэну къалъытэ зауэлIхэм я къупщхьэлъапщхьэхэр къагъуэтыжыныр. Азау губгъуэм зекIуэ «Фи лIыхъужьыгъэр щIэблэм я гум кьинэнущ игъащIэкIэ» стеллэм дежи къыщIэзтеувыIащ блогерхэр. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, Хэкур, нэхъыкьэр ялытэныкIэ ялъэгуамрэ зэхахамрэ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

БЭРБЭЧ Альбинэ.

ТхьэмахуитIым къриубыдэу

«Газпром - газыр зыгуэш Налшык и Iуэхущ1апIэ» ОАО-мрэ Тканенкэ Андрей и цIэр зезыхьэ, Сурэтыщ1 гъуазджэхэмкIэ музеймрэ ТекIуэныгъэр илъэс 70 щIыкIым ирихьлIэу къыззэрагъэпэщащ зауэм хэта художникхэм я графикэ лэжьыгъэ къагъэщIэрэщIэжахэм я выставкэ.

«ЗЭРЫТХУЗЭФIэжIкIэ къэдгъэблагъащ» хэкупсэ акцэм хьыхьу ягъэхьэзыра ягъэIэпхъуэ выставкэр мэлыжьхьыем и 21-м къыщыдзэIуахащ ныбжьыщIэхэм щакIэлъыплъ «Нэмыс» республикэ социально-реабилитацэ центрым. Абы щагъэлъагъуэ фронтым Iута сурэтыщI цIэрыIуэхэу Глуховцев Александрэ (1910 - 1998 гъэ.) Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и художник Сындыку Анатолэрэ (1925 - 1989 гъэ.) я Iэдакъэщ1ыкIэхэр. Апхуэдэу экспозицием щагъэуващ Урысейм щIыхь зиIэ и художникхэу Понамаренкэ Павелрэ Пащты Германрэ я лэжьыгъэхэр.

Налшык, Прохладнэ, Тэрч, Тырныауз къалэхэм, Нартан къуажэм ныбжьыщIэхэм щакIэлъыплъ социальнэ центрхэм ягъэIэпхъуэ выставкэр тхьэмахуитIкIэ щагъэлъэгъуэнущ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зауэм хэта сурэтыщIхэм я творчествэм хагъэгъуэзэнущ школ-интернатхэм я гъэсэни 170-м щигъу.

Газ Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм къызэралъытэмкIэ, ТекIуэныгъэм и махуэм хуэгъэпсауэ къызэрагъэпэщ апхуэдэ Iуэхугъуэхэм щIэблэм я дежкIэ щIэнгъуаззэ-гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

- Зауэ екIуэкIам теухуа хъыбархэр ныбжьыщIэхэм яхуэзыIуэтэжыфынуэхэр мащIэ дыдэ хъуащ. Абы къыхэкIыу, фронтым Iута художникхэм я лъэхъэнэм ящIа сурэтхэр зэрагъэлъагъуэр щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ зэкIапIэфIу къызолъытэ, - къыхигъэщащ «Газпром - газыр зыгуэш Налшык и Iуэхущ1апIэ» ОАО-м и унафэщIым и кIуэдзэ Жуков Валентин.

Гу зылъытапхъэ:

«Газпром - газыр зыгуэш Налшык и Iуэхущ1апIэ» акционер общество зэIуакм ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щIыкIым ирихьлIэу Iуэхугъуэ зыбжанэ ирегъэкIуэкI. Къэлэпчтэмэ, компаниием и официальнэ сайтым кьыщызэIуаха «Зауэм и гугъу къысхуэщI» интернет-проектым Хэку зауэшхуэм хэта я Iыхьлыхэм, я благъэхэм ятеууха хъыбархэр щызэкIэлъаухъ хъунущ. ТекIуэныгъэм и махуэм и пэ къихуэу, адрей гупхэм яхэту, Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэри Iуащхьэмахуэ дэкIынущ, ар зыхъумахэм я фэеплъым пщIэ хуащIынущ. Къищынэмыщ1ауэ, «Сабийхэм ТекIуэныгъэм и сурэтыр ящI» зэпеуэм я бынхэр хэтщ.

«Газпром - газыр зыгуэш Налшык и Iуэхущ1апIэ» ОАО-м и пресс-Iэнатlэ.

★★★

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 30, *махуэку*

♦Урысейм и МафIэсгъэункIыфIхэм я махуэщ

♦1789 гъэм США-м и я1пэ президентыр хахащ. Ар Вашингтон Джорджт.

♦1945 гъэм Егоров Михаилрэ Кантарие Мелитонрэ сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 35-м ТекIуэныгъэм и Бэракъыр Берлин и Рейхстагым щыкIадзащ.

♦1945 гъэм Гитлер (и унэцIэ Дыдэр Шикльрубергщ) Адольф зиукIыжащ.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дзу Руслан** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щоджэнщ1ыкIу Нинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты1кIа, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, уэзых къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 16 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 1, *мэрем*

♦Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэщ

♦1929 гъэм Джылахъстэкей псыщIэгъэльадзэр яутIыпщащ.

♦1941 гъэм Налшык сабий стадион къыщызэIуахащ.

♦Къэрал лэжьакIуэу, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1у 1969 - 1984 гъэхэм щыта **Къущхьэ Кы1щыкъуэ** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Урыс Мухьэзир** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Социологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Адыгэ Республикэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Афэщ1ыж Тырыкубий** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и сурэтыщI, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Гъэзугъокъуэ Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Хьэрычэтыщ1э, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, Адыгэ Республикэм и Президент щыта **Щэумэн Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦«Къббалъкъ1турист» ОАО-м и генеральнэ директор, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэхущ Заурбий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты1кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 20, жэщым градус 13 - 16 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 2, *щэбэт*

♦1920 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым я1пэ щэбэт щIыхьэху щекIуэкIащ.

♦1934 гъэм Налшык Пионерхэм я унэ къыщызэIуахащ.

♦1945 гъэм СССР-м и Дзэ Пльыжьым Берлин къыщтащ.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Урыс Хьэталий** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦«Ленин гъэзу» (иджы - «Адыгэ псалъэ») газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **Тlажь Пётр** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦КъБКъУ-м и ректору щыта, профессор, КъБР-мрэ АР-мрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Льостэн Владимир** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мекъул Джэбрэ1ил** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м и Къэзыбж палатэм и я1пэ унафэщ1у щыта **Къэрмокъуэ Хьэчим** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты1кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэзых тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градус 11 - 14 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 3, *тхьэмахуэ*

♦Печатым и хуитныгъэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Дыгъэм и дунейпсо махуэщ

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты1кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 22-рэ, жэщым градус 12 - 16 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 4, *бгыщ1ыхь*

♦Абазэ тхакIуэ, КъШР-м и и щыхьэ усакIуэ **Кы1кIуэту Микаэль** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦УФ-м и щыхьэ художник, Урысейм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Шемякин (Къардэн) Михаил** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и и академик, УФ-м щIыхь зиIэ и экономист **Щауэжь Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты1кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэзых тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градус 11 - 16 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 5, *гъубж*

♦Европэм и махуэщ

♦Нык1уэдык1уэхэм я хуитныгъэхэм щIэбэныным и дунейпсо махуэщ

♦1836 гъэм Европэм щыяпэ дыдэу Бельгием гъущI гъуэгу щаутIыпщащ.

♦1945 гъэм нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм я бийуэ Прагэ зыкъыщалэтащ Iэщэкlэ зэщIэуэзда цIыхухэм.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Даниемрэ Нидерландэмрэ хуит къащIыжащ.

♦1949 гъэм Лондон Iэ щытрадзащ Европэм и Советым и уставым.

♦Адыгей усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Пэрэныкъуэ Мурат** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Апажэ Назир** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къардэн Iэбубэ** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Апышэ Абрэдж** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и щыхьэ докутыр **Бахъсэн Хьэмэдэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор **Нэхущ Владимир** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, ЩIДАА-м и академик, УФ-м щIэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Адыгей и щыхьэ сурэтыщI **Пэтlуащ1э Феликс** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Лlыс Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, КъБР-м егъэдэныныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалмыкъ Къарэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Хьэмыку Жаннэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр **Мысост Вадим** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты1кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэзых тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 20, жэщым градусу 10 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Псалъэ щабэ гущабэщIщ.

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхьэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Пенсэ

Министрхэмрэ депутатхэмрэ я деж къыщыщIадзэнурэ...

Ар фIкIыпIэнщэу къыщIэкIынущ. Къулыкъущ1эхэр аргуэру тепсэлъыхьу хуэжьащ. Щ1ыхь зиIэхэр пенсэм щ1ыкIуэну ныбжьым хэгъэхъуэным. ФинансхэмкIэ министерствэм тхьэ щеIуэж, армырамэ, бюджетыр къызэтещхэхьну. Президентри арэзы хъуащ Iэщ1агъэлIэр а Iуэхум куууэ хэплъэу унафэ тэмэм тращ1ыхьыну. Сыт-тIэ дэ абы къытхуихьынур?

Бюджетыр тIуми пэлъэщынукъым

Пенсэм щыкIуэну ныбжьым хэгъэхъуэныр къыхэзыплъэар Финансхэмкlэ министерствэращ. Мылъкур зэригъэзэхуэну абы и кьалэнщ.

- «Демографие мащ1эм» екьэлIа гугъуехьэр дэ къытпоплъэ, - жиIащ Минфиным и Iэтащхьэ Силуанов Антон. - ГъащIэм и кIыхьагъым хохъуэ. Абы къыхэкIыу пенсионерхэм я бюджетыр нэхъыбэ хъунущ, лажьэхэмрэ налог зытхэмрэ хэщIынущ.

Мис бжьыбэхэр. КъызэралъытэмкIэ, 2035 гъэм ирихьлIэу зы пенсионер къэзы лэжьакIуэ хуэзэнуращ. Апхуэдэу налог лъэхъщэхэмрэ пенсэ лъагэхэмрэ къэпхуэзагъэпэщынукъым.

ФIэгъэнапIэ нэхъыщхьэр гъащIэм и кIыхьагъращ. Ар ди дежь хуабжьу щIалъэхъщэу щытащ, ауэ иужьрей илъэсхэм хэпщIыкIыу дэкIуеящ. Статистикэм жиIэр уи фIэщ щIымэ, Урысейм щIыхьэр ику иту илъэс 71-кIэ щопсэу. Абы щIыгъэми щIыхьэхэм я гъащIэр нэхъ кIащIщ - илъэс 65-рэ. ЩIыхьбзэр ику иту илъэс 77-кIэ мэпсэу.

ЩIыхьбзэр - илъэс 55-м, щIыхьхъуэр илъэс 60-м пенсэм кIуэн хуейуэ 1932 гъэм ягъэуващ. Абы лъандэрэ апхуэдэу кьоку1кI. КъызэралъытэмкIэ, ди къэралым щIипсэухэм я гъащIэм и кIыхьагъыр абы лъандэрэ ику иту илъэс 20-кIэ хэхъуащ. Араущ, пенсэ Iуэхум зэплъэжьну мурад ящIащ. Ауэ арэзыфIэмытэмэмэрэ мащIэкъым.

- Къэрал зызыжьаэхэм щыпсэухэр пенсэм щыкIуэр илъэс 63 - 65-ращ, - жеIэ лэжьыгъэмкIэ министр Топилин Максим. - Арщхьэкlэ абыхэм гъащIэм и кIыхьагъыр илъэс 80-м щыщхьэдэхащ. Ди дежь пенсэм кIуа щIыхьр адэкIэ зэрыпсэужьыр куэдкIэ нэхъ мащIэщ.

Псомкlи зэхуагъэдэну?

Урысейм щIыхьхъуэхэр пенсэм кIуа нэужь ику иту илъэси 5-кIэ щопсэу, щIыхьбзэхэр - илъэс 22-кIэ. ФинансхэмкIэ министрым жеIэ пенсэм щыкIуэну зэманыр илъэс 63-м нэгъэсын хуейуэ. Ар ехьэлIащ щIыхьхъуэмэ щIыхьбзэмэ. Къэралым зэпхуэдэу щащIащ Къэзахъстаным. Абы апэщIыкIэ псомэ я пенсэ ныбжьыр илъэс щырыщкIэ къаIэтащ. Адэкlэ, 2018 гъэм щыщIэдзаеу щIыхьбзэхэм ейм хагъахьъуэурэ, илъэсипщIым къуибыдэу псори илъэс 63-м хуагъэкIуэнущ.

Хуэмурэ хуагъэкIуэнущ

Дауи, пенсэ ныбжьыр къапщтэу зэуэ хэбгъахъуэ хъунукъым. Ар удынышхуэ хъунущ абы нэблэгъахэм я дежкIэ.

- Абы хуэмурэ хуэгъэкIуэн хуейщ, - жеIэ Финанс и Министерствэм и Унафэщ1у Силуанов Антон. - ГъащIэм и кIыхьагъым хохъуэ. Абы къыхэкIыу, ирихьлIэу 10 - 15-кIэ, уеблэмэ нэхъыбэкIэ зэпыщIыгъэу. Абы щыгъуэм зэхъэпIэфIу къызолъытэ, - къыхигъэщащ «Газпром - газыр зыгуэш Налшык и Iуэхущ1апIэ» ОАО-м и унафэщIым и кIуэдзэ Жуков Валентин.

Финансхэмрэ Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэхэм къыщащIыгъэ пенсэм щыкIуэну ныбжьым хэгъэхъуэныр илъэси 10 - 15-кIэ, уеблэмэ нэхъыбэкIэ зэпыщIыгъэу. Абы щыгъуэм аз зэхъэпIауэ щытынур иджыпсту илъэс 40 хъуаэхращ.

- ИпэжьпIэкIэ пенсэм щыкIуэ ныбжьым хэгъэхъуэн хуейщ, - жеIэ Финанс къэхутэныгъэхэмкIэ центрым и щIэныгъэлI нэхъыщхьэ Омельчук Татьянэ. - Ар иджыпсту хэIущIыIу щIауэ, илъэситI-щы дэкIмэ хэгъэхъуапхъэщ. 2018 гъэм щыщIэдзауэ щIыхьбзэр пенсэм щыкIуэнур илъэс къэс мази 3 - 6-кIэ кIэлэтын хуейщ. 2025 гъэм щегъэжьауэ щIыхьхъуэкIэ ейми хэгъэхъуапхъэщ. Апхуэдэурэ 2035 гъэм ирихьлIэу псори пенсэм щыкIуэну ныбжьыр илъэс 63-м нэсынущ. А лъэхъэнэм пщIондэ ди дежь пенсэм щыкIуэ зэманыр, армырами, дунейм щынэхъ лъахъшэу къыщынэжынущ. Пенсэм кIуа щIыхуэм я процент 70-м щIигъур иджыри илъэситхуитI зэрылажьэкIэ щIыхьэт тохъуэ Урысейм а ныбжьыр зэрыщIамащIэр.

НэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэщ, ауэ нэхъыкIэу

IэщагъэлIэхэм я нэхъыбэм къызэралъытэмкIэ, правительствэм хэкIыпIэ иIэкъым. Пенсионерхэм я бжьыгъэм хэхъуэ зэпытщ, абыхэм трагъэкIуэдэну ахъшэр кIуэ пэтми нэхъ къыхэхьигъуейщ.

- ЩIыхьэм къагурыIуэн хуейщ пенсэм щыкIуэну ныбжьым хэгъэхъуэным ехьэлIа псалъэмакъыр къызыхэкIыр, - жеIащ иджыблагъэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир. - 2008 гъэм щыщIэдзауэ пенсэм и бюджетым том триллионым щIигъу хуэчэмщ. 2016 гъэм ар триллиони 2,7-м фIкIынущ. Абы зэрызыщIигъэкъуэн къаруэ къэралми иIэкъым. Дэнэ ахъшэ къыздитхынур? Зыхъумэжьныгъэм, медицинэм къакIэрытчин е пенсэхэр дгъэмэщIэн хуейщ.

Гайдар и цIэр зезыхьэ Экономикэ политикэмкIэ институтым иригъэкIуэкIа къэпщIытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуэмкIэ, ди къэралым щылажьэхэм я бжьыгъэм илъэс къэс цIыху мин 600 кIэрыхунущ. Пенсэм щыкIуэну ныбжьым хамыгъэкъуэмэ, Iуэхур зэIыхьэпэнущ.

УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий Къэрал Думэм къыщыпсалъэу иджыблагъэ жиIащ депутатхэмрэ къэрал къулыкъущIэхэмрэ пенсэм щыкIуэну ныбжьым хэгъэхъуэным Правительствэр хэплъэну зэрыхьэзырыр.

- Къэрал къулыкъущIэхэмрэ депутатхэмрэ я нэхъыбэр пенсэм кIуэну пIащIэркъым, - жиIащ абы. - Лэжьэну щыхуейкIэ, апхуэдэхэм Iэмал етыпхъэщ.

- Дунеи псом щIыхьхъуэхэри щIыхьбзэхэри пенсэм щыкIуэ ныбжьыр зэтохуэ, - жеIэ политолог Бовт Георгий. - Ар къыхэкIащ щIыхьбзэхэм куэд щIауэ лажьэхъэ хьэлъэ зэрамыгъэззэщIэжьмэрэ я гъащIэр зэрынэхъ кIыхьымрэ.

Псалъэ щабэ гущабэщIщ.

БЕЛЯКОВ Евгений.
«Комсомольская правда»

● Фадэ

Узыншагъэр зэIегъэхьэ, унагъуэр зэтрекъутэ

Ди къэралым фадэу щрафыр игъэмэщIэн папщIэ Урысей Федерацэм и Правительствэм лэжьакIуэ гуп къызэригъэпэщынущ. Апхуэдэ хъыбар иджыблагъэ игъэIуащ вице-премьер Хлопонин Александр. А Iуэхугъуэм топсэлъыхь нарколог Сиволапэ Юрий.

- Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, ди щIыхухэм я фадэ ефэныр нэхъ кIащхъэ хъуащ. Сыт-тIэ Правительствэм а гугъуехьым пэщIэтын гуп къыщIызэригъэпэщар?

- Ди жагъуэ зэрыхъуащ, официальнэ статистикэм Iуэхум и щытыкIэр пэжу къигъэльагъуэркъым. Фадафэр къызэрапщытэр гугъущ икIи ныкъусаныгъэншэхъым. Къапщтэмэ, официальнэ статистикэм тепщIыхьмэ, фадэу къащIагъэкIымрэ ящэмрэ кIэрыхуэщ. Арщхьэкlэ гъэпщкIуауэ щIахуэмрэ ирафымрэ 2014 - 2015 гъэхэм хэхъуащ. Аращи, фадафэхэм я бжьыгъэм хэщIауэ жьпIэнэр къеЖмызэгъащ. Ягъэуэва къаленэнхэр къаззремыхьуIлам и щыхьэтщ ар зэфIэзэхыну ну пщэ далъхьа гуп Правительствэм къызэрызэригъэпэщар.

- Уэ къызэрыплъытэмкIэ, сыт хуэдэ Iэмалхэра нэхъ сэбэп хъунур: фадэм и уасэм хэгъэхъуэнымрэ япэубыдымрэ зэрыкIэрэ емыфэнэр нэхъ ерыщу ягурыгъэIуэнра?

- НэхъыфIу къызолытэ фадэр пэрыхьэту, щыхуейм и деж ягъуэтыныр япэубыдыныр. Абы хохьэ уасэ льагэ гъэувынри, зэман пыухыкIакIэ фIэкIа мыщэнри, щащэ щIыпIэхэр щхьэхуэу гъэбелджыныпри. Псом хуэмыдэу тезыр ткIий ятелъхьапхъэщ балигъ мыхуэхэм фадэ еэыщэжм. А текъуэзныгъэ Iуэхугъуэхэм кьадэкIуэу щIыхуэм ягурыгъэIуэн хуейщ аркъэм къахуихь насыпынщагъэхэр зыхуэдэр, узынщагъэр, унагъуэр абы зэрызэтрикъутэр.

- Езы щIыхуэм кьулъытэфынур фадэм зэритхьэкъуа щIыкIэр?

- Ар ирызэхагъэкIыу тест щхьэхуэхэр щыIэщ. Нэхъ сэбэпхэм ящыщщ GASE щIэупщIэныгъэр. Абы упщIилл хьхьэу араш: 1. Фадэу узэфэм кIэрыгъэхупхъэу къыпщыхьэрэ? 2. Нэхъ мащIэу уефэн хуейуэ уи Iыхьлыхэм къыщыбжаIэкIэ укъэгубжьрэ? 3. Чэфыр птеужа иужь зыгуэркIэ укъуэнщауэ къэплъытэрэ? 4. «Уи щхьэр пщIыжьну» ухуейуэ ухъурэ? А упщIхэм ящыщу тIум нэхъ мыхъуми арэзы утехъуакъэ, Iэщ1агъэлIым зыхуэзгъаззэмэ нэхъыфIщ - шынагъуэр инщ фадафэхэм уахьхьэнкIэ.

- Пэжыр жытIэнщи, ар уи щхьэусыгъуэу дохутырым и деж укIуэну тынщкъым.

- Абы щыгъуэми ар Iэмалынщэщ. Апэрауэ, фадафэхэм ирахьлIэ хущхъуэхэр зыхуэдэр къыбжезыIэфынур дохутырым и закъуэщ. ЕтIуанэрауэ, сымаджэм и арэзынигъэ хэмылъу абы ахэр къыпхуигъэльэгъуэфынукъым.

Фадэм итхьэкъуахэр сымаджэщ. Абыхэм яхуэфащэн дэIэпыкъунигъэ и чэзум игъуэтын хуейщ. Армырамэ, а узыфэм щIыхь минхэр текIуэдэнкIэ шынагъуэр инщ.

НЕВИННАЯ Иринэ.
«Комсомольская правда»

Къуэшыкхъэр Iуахыну?

● ЗэхэгъэкIыпIэ

Краснодар крайм и Кореновскэ куейм хыхьэ Платнировскэ станицэм ТекIуэныгъэ Иным и юбилейм ирихьлIэу псалъэмакъ ин къыщыхьэщ. щIыпIэ администрацэм мурад ищIащ. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэр зыщIэль къуэшыкхъэр ирихьу абдежым сату щIыпIэ комплекс щригъэувэну.

СЭЛЭТИТI зэбгъурыту зытет фэеплъыр станицэм 1967 гъэм щагъэуващ. Илъэсий дэкIри, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 30 щрикъум ирихьлIэу, Краснодар крайм щэнхабзэм и щIэныгъэм я реестрым ар хагъэхьащ. А гъэ дыдэм Кировым и цIэр зезыхьэ колхозым и правленэм и унафэкIэ абы пэгъунэгъу дыдэу иджыри зы фэеплъ щагъэуващ, зауэм хэкIуэда я къуэжэгъуэм я унэцIэхэр тетхаэу, икIи Мыужьыхьыж мафIэ щыпагъэнащ.

ФэеплъыщIэр къыщызэIуахым къуэшыкхъэм щIэлъэ сэлэтиплIым я къупщхьэхэр абдежым щыщIалъхьэжащ. Зорыжаеэмкlэ, станицэм и щыналъэм щхьэкIуэдащ сэлэт 30. Адрейхэм я хьэдэр здэщыIэр дэнэ-тIэ? Ялэу къызэIуаха фэеплъым деж щIэлъу куэдым хуагъэфащэ. Ар къэралым ихъумэ реестрым №1545-мкIэ къыщыгъэльэгъуащ. Иужьк1э колхозым къызэIуихар апхуэдэхэм ящыщхьым.

Зэманыр кIэхухкIэ, фэеплъри нэхъ фаджэ хъуащ. Абы кIэлъыплъэн щыщIымIэжым, колхозым ар езым имеижу кьилъытащ. ЩIыпIэ администрацэми къуэшыкхъэм и зехьэным илъэс къэс сом мин 300 тригъэкIуэдэфынутэкъым. Апхуэдэу щыхъум фэеплъитIри зы ящIыжьму мурад ящIащ.

Зэхуашэса комиссэм, уеблэмэ къыщыхалъхьат къуэшыкхъэр къатIэщIыжу хьэдэ къупщхьэхэр щIэлъмэ зрагъэщIэну. ЩIыпIитIым языхэзым зыри щIэмыльымэ, нэгъуэщI IуэхугъуэхэмкIэ къагъэсэбэпынут. Къапщтэмэ, сату щIыпIэ комплекс щызыухуэнухэр щыIэт. Арщхьэкlэ къуажэдэсхэм кIуэхудакъым. ТекIуэныгъэ Иным и юбилейм ирихьлIэуи ар кьеззгъынутэкъым. Зэкlэ псорэ зэрыщIну я кагъэнащ, ауэ Накъыгъэм и 9-м ирихьлIэу ахэр зыхуэи хуагъэзэфыну фIэщщIыгъуейщ.

ИСАКОВЭ Аннэ.
«Известия»

● Ди нэхъыжьыфIэр

Пэжыр зи гъуазэ, насыпыр зи гъуэгу

Ди республикэм щыкIуа гъуэгуанэр, кIанэ щIагъуэ щымыIэу, зи гъащIэм кIуриубыда нэхъыжьыфIэр, Тхьэм и фIыщIэкIэ, иджыри диIэщ. Абыхэм ящыщыщ Бахъсэн районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм щыпсэу Къардэн Мухьэб Мацыкъ и къуэр. Илъэс 90-м ит адыгэлIым и акъылыр жанщ, и гупсысэхэр щэщIащ, гъащIэми абы щекIуэкI Iуэхугъуэхэми жыджэру ноби хэтщ.

КъАРДЭНХЭ Мацыкърэ Хьэбэтрэ (ар Бещтохэ апхъэт) ящыщщ Дыгулыбгъуей жылэшхэм пщIэрэ щIыхьэ зиIэу дэсахэм. ЗэрыжаIэжымкIэ, щIэныгъэ бгъэдэмылъами, Мацыкъ гурыхуэу, есэным хуэIэззэу щытти, жылэм дэт тыкуэнэр зейм япэщIыкIэ Iэпыдзлъэпыдзу иIащ, иужькIэ а Iуэхущ Iапl эр къыIэщилъхьэри, ныкъуса нигъэншэу илъэс куэдкIэ лэжьащ. 1916 гъэм унагъуэ хъуа Мацыкърэ Хьэбэтрэ гъащIэм декIуу псэурт, къащIэхъуэ щIэблэри адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ пэжымрэ захуагъэмрэ хуаущийуэ. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ фIыгъуэшхэр зэрыпльунагъуэр быныфIи хъуат. Адэ-анэр хуабжьу зыщIигуфIыкIа я щыпэпхъу щIалэ Бубэ къыкIэпльыкIуащ иджыри щIалэ ипл: Нажмудин, Мухьэб, Езид, Хьалиф сымэ. Къуитху лъэпкъым хэзыгъэува Мацыкърэ Хьэбэтрэ, зэман дэкIри, Тхьэшхэр къахуэупсэжат иджыри зы фIыгъуэзкIэ - къэзылъхуахэми къыдалъхуахэми я гъэфIэн хъыджэбз цыкIу Женя. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, и адэ-анэр имыIэжми, и анэжьилъ нэхъыжьхэм ящыщи дунейм ехьжмаи (я ахърэтыр нэху ухъу), абыхэм я унагъуэхэри, хуэпсэу и дзпъхуитIри (Мухьэбрэ Хьалифрэ), и нысэхэри, а псоми къащIэувэ щIэблэри ноби къыхуэIэфIщ, къыхуэнабдзэгубзапльэщ Женя. Ар абы къехь цыхуу гуапэу, пэжу, зэпIэзэрыту зэрыщыстымкIэ, бзылъхугъэ щыпкъэу дунейм зэрытетымкIэ. Ди псалъэмакъэр щыдублэм, Мухьэб япэу къыхихугъэща Iуэхуугъэхэм ящыщщ ар.

- Ди лъэпкъым игъащIэми къыдекIуэкI адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ дгъэзащIэу, пщIэ хуэтщIу дагъэсащ адэ-анэм зэрыбынихыр. «ГъащIэр матэщIэдзакъым - абы гугъуехыбгъуи тыншыгъуи хэтщ, арщхьэкIэ сыт хуэдэ зэманми япэ ивгъащ цыхуугъэр, напэр, пэжыгъэр, - дауущирт абыхэм. - Дэ дывщхьэщымытыжми, зыр адрейм фыхуэсакъыу, зым и хьэпъэр адрейм дэфIыгъуу, фигукIи фи псэкIи фызэзхуитхьэщIыкIауэ фыпсэу. Фи шыпхъу закъуэм фи нэIэ тевгъат. Фэращ абы дамэу иIэр». Адэ-анэм дызыхуауэнэтIу щыта фIыгъуэхэм ди бынхэр зэрыщIэтIыкIыным деIэпIащ. Ахэрщ ноби я гъуэгугъэлъагъуэр зы анэ къиплъхуахэм къытщIэхуэу щIэблэм, - гъащIэм тепсэлъыхьу жеIэ Мухьэб.

Мухьэб и къуэш нэхъыжьхэм я щапхъэм тету, и гур щIэныгъэм хуэзыIуахэу къэхъурт. И адэм ещхьу, есэным нэхъ дихьэхыри, школ нэужьым къыхудахуэ зэманыр тыкуэным щагъакIуэрт. Мухьэб зэрыжиIэжымкIэ, езанэ классым тIэунейрэ щеджэн хуей хъуащ ар. Жылэм и пащIэдзэ школым зы илъэскIэ щIэса нэужь, и къуэм урысыбзэр нэхъыфIу ищIэн щхьэкIэ, Мацыкъ ар щIигъэтIысхьащ Налшык къыщыдзэIуахаурэ щыта школым. 1-2-нэ классхэр абы къыщыдзыуха щIалэ цыкIум еджэным иужькIэ щыпищэжащ къуажэм дэт илъэсибл школым.

Хэку зауэшхуэм щыщIидза гъэмахуэм Мухьэб 6-нэ классыр къиухат, и ныбжьри илъэс 15 иригъакIэт. И шынэхъыжьхэу Бубэрэ Нажмудинрэ фронтым Iухьати, абыхэм я пIэм унагъуэм щиуват ар. Иджы арат адэ-анэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъур. КIынэмыщIауэ, ар колхозым учётчикыу ягъуэват, зауэм даша Нажмудин и пIэкIэ. Бжьыхьэр хъэсу гъэ еджэгъуэщIэм щIидзэжа щхьэкIэ, лэжьакIуэIэ зыхуримыкIу хозяйствэм къауатыпщащым Мухьэб. Зэрылажьэм хуэдэурэ, щIалэ жаным икIи гурыхуэм гугъуехьышхуэ пымылъу къиухыжауэ щытащ 7-нэ классри.

- Нэмыцэхэр ди щIыпIэм къыщыдса мазхуэр нобэ хуэдэу си нэгум щIэтщ. Бахъсэн укъикIыу ди къуажэм укъызэрыдыхьэ лъэмыжыр къызэрагъэуцуа, псы Iуфэр екIуэкIыу зыубыдауэ щыта бийм абдеж щригъэкIуэкIа зауэ гуащIэхэри, жылэм къыдыхьа нэужь абы щызэрахьа лей куэдри - псори фIы дыдэу соцIэж, - зауэ илъэсхэр иту кьеГъэкIыж Мухьэб. - Колхоз унафэщIхэм я жэрдэмкIэ, сэ схуэдэ ныбжьыщIэхэр нартыхугъэкI бригадэм лэжьакIуэ дагъэкIуати, Къардэн ТIуТI (бзэгу яхьри, нэмыцэхэм ирагъэукIауэ щытащ а лIы губзыгъэр) щыбригадир гупым сэ сыщыучётчикт. Нэмыцэхэр ди щIыналъэм ирахужа нэужь, Факъуэ Зурэб и унафэм сыщIэту иджыри илъэситкIэ сылэжьащ, иужькIэ колхоз правлензм учётчик нэхъыжьу сыщыIащ.

Зауэ зэманыр и нэгу къызэрыщIэувэж нэгъуэщI зы теплъэгъуэ хьэлэмэтми щыгъуазэ сыхуищIащ Мухьэб. Абы зэрыжиIэжымкIэ, нэмыцэхэр я къуажэм щытепщэу, зы жэщ гуэрым Къардэнхэ я щхьэгъубжэм зы лIы мыцIыкуэ гуэр къытоуIуэ. Унагъуэм я нэхъыжь Мацыкъ щIокIри, куэд дэмыкIыу къыщIохьэж зы урыс сэлэт и гъусэу. КъызэрыщIэкIамкIэ, зауэлIыр тIасхъэщIэж къыгъэкIуати, жылэм Iуэхухэр зэрыщыщытыр зригъащIэрт, апхуэдэуи лъагаилI гуэрым щIэупщIэрт, телефон кIапсэр иукъуэдиину. Мацыкъ тыкуэнтету и гъащIэр ихьати, Iэшэлъашэхэр апхуэдэу фIы дыдэу ищIэртэкъым, ауэ илъэс зыбжанэ хъуауэ губгъуэм учётчикыу ит Мухьэб зыщымыгъуазэ Iэгъуэблагъэм щымыIэми ярейт. Урысыбзэм хуэшэрыуэ щIалэ цIыкIум къыгурыIуащ тIасхъэщIэкIыр зы щIэупщIэ щIыпIэр зэдэщыIэр икIи абы гъуэгугъэлъагъуэ зэрыхуэхъфынур и адэ-анэм яжриIащ. Я быным щхьэкIэ гуэавэми, Мацыкърэ Хьэбэтрэ ар яутIыпщащ урыс зауэлI-связистым и гъусэу. TIасхъэщIэхыр къызэрыщыгугъуаэу, Мухьэб ар нишэсащ зыщIэупщIа лъагаилIэм. Жэщым апхуэдэ Iуэхуфl зэфIэзэыгъэкIа щIалэр пщэдджежьым жьыуэ къуажэм къыдыкьэжауэ щытащ. Адэ-анэр иригъэфIэрт икIи ирипагэрт я къуэм къыкъэкIа лIыгъэм. Хуей хъумэ, ар Хэкум, щалъхуа щыналъэм, адэжь лъапсэм я къыщхьэщыжакIуэ лъэщ зэрыхъунур хьэкъыу ящхьIат.

Бийр ирагъэкIуэту щыналъэм хуит къыщыхьуэм, абы щызэфIагъэувэжу хуежьащ щIыхубэ хозяйствэм и унэтIныныгъэ псори. ЗэрыхъукIэ заужьыжырт экономикэми, щэнхабзэми, щэныгъэми. Цыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныр дапщащи зы-гъэнэхъапэ ди унафэщIхэм а унэтIныныгъэр зэфIэгъэувжьыным, адэкIи зегъэужьыным, къапщтэмэ, 1943-1944 гъэхэм хухахауэ щытащ сом мелуани 4,8-рэ. А зэманым ар мылъкушхуэт. Зэрагъэпэщыжурэ къызэIуахыжащ школи 170-м нэс. Апхуэдэу къызэIуахат интернат щхьэхуэхэр, еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэнухэр абыхэм щагъэхьэзырын мурадкIэ. Бгъэдэлъ зэфIэкIым хигъэхъэну, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну зи я къикI Мухьэб апхуэдэ курсхэр къызэIуахаурэ жылэхэм щIалэгъуалэ къыщыхатхыкIыу щызэхихьи, и адэмрэ и къуэш нэхъыжьыБубэрэ яжриIащ адэкIэ еджэну зэрыщIэхъэпсэр икIи абыхэм я арэзэныныгъэ хэльу Iуэхум иужь ихьащ. 1946 гъэм и фокIадэм ар Къэбэрдей пединстутым и физико-математикэ факультетым и 1-нэ курсым и студентт. Куэдрэ зыщIэхъуэпса а насыпыр абы къехъулIат Бубэрэ ар езыгъэджауэ щыта щIэныгъэлI АбытIэ Мухьэбрэ я фIыгъэкIэ.

Студент гъащIэр жану, купщIафIэу есыхьэкIа щIалэгъуалэм ящыщащ Мухьэб. Еджэным щызыIэригъэхьэ екъуIэныгъэфIкэм кьадэкIуэу, ар жьджэру хэтащ институтым щекIуэкI Iуэхугъэхэм, факультетым къыщыдэкI газетым и редактору илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. ЗэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъу гу зылъата Къардэныр 1950 гъэм компартым хагъэхьащ (а лъэхъэнэм абы щIэшхэз иIэт).

Iэщlагъэлl ныбжьыщIэр, коммунист щIалэр щалъхуа къуажэм я гъэ дыдэм езыджакIуэу ягъэкIуэжащ. Къызбрун Ещанэм (иджы Дыгулыбгъуей) зэт курыт школым и унафэщIу щыта Нэгъуей Нурхьэлии абы и нэIэм щIэту лажьэ Iэщlагъэлl гупри гуапэу къыпежьащ физикэмрэ есэпымкIэ егъэджакIуэ щIалэщIэм. Iэхъу зехьэкIэщIэ мардэхэмрэ жэрдэмыщIэхэмрэ зи куэд Мухьэб егъэджэнигъэ-гъэсэныгъэ Iуэхум щIэхыу хуэIэижь хъуащ. Зи дерсхэр щIэщыгъуэу зэхэзыгъэувэ, дэтхэнэ еджакIуэми и псэм нэсыну хущIэкъу егъэджакIуэм и Iуэху зехьэкIэри адрейхэм я кащцхьэщыкIыр. Ар ныбжьыщIэхэм хэзыгъэ яда-лажьэрт, дэтхэнэми и зэфIэкIымрэ къэухьымрэ елъытауэ. ЕгъэджакIуэ пэрытым и гъэжьэкIэфым щIэхыу гу лъатащ. 1953 гъэм абы къыфIащащ «РСФСР-м щIыхьэбзм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник» цIэ лъапIэр. А гъэ дыдэм ар ди республикэм къыбгъадэкIыу хэтащ ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм я къэралпсо зэIущIэу Москва щызэхуаушсам. Зыпэрыт IанатIэм нэхъыфIу зегъэужьыным, абы «псэущIэ» къыхэгъэхьэжьым хуэгъэза зэрдэмыщIэхэмрэ еплъыкIэщIэхэмрэ иIэу щIыпIэм къэкIуэжа Къардэным нэгъуэщI Iуэхугъуэфlи къыпэплъэу къыщIэкIащ: ар къуажэ школым и унафэщIу ягъуэват.

ЩIэблэм щIэныгъэ куу етыным, лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу яхэлъхьэным къаруушхуэ, зэфIэкI ин ирихьэлIащ Къардэн Мухьэб. Егъэджэнигъэ-гъэсэныгъэ IанатIэм зэрыпэрыта илъэс 40-м а Iуэхум и пIалъэ фIыуэ щагъэлъагъуэрт Бахъсэн щIыналъэм республикэмэ. И Iуэху зехьэкIэ мардэхэмкIэ адрей школ унафэщIхэм дагъэгъуэшэн папщIэ, Къардэныр щIэх-щIэхьэуэ ирагъэплъагъуэрт лекIа къыщыдержат ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэу Налшык дэт институтым. Ныбжьыщ Iэхэм щIэныгъэ куу зэрыщратымкIэ цIэрыIуэ зэрыхъуам къыдэкIуэу, Къардэныр зи унафэщI школыр ялъытэрт зауэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ республикэпсо утыкуу. Ди щIыналъэм щекIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхум щыгъуазэ зыхуащIыну республикэм хьэщIэ лъапIэхэр къеблэгъаиу е къэпщытакIуэ гупхэр къэкIуами, КъБАССР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и методикэ кабинетым и унафэщI КIурашын БетIал зи лэжьыгъэ абыхэм ирагъэлъагъунухэм ящыщу япэу зи цIэ къриIуэр школ унафэщI Iэкlуэлъакlуэ Къардэн Мухьэбрэ абы и нэIэм щIэт Iэщlагъэлl гупымрэ. Апхуэдэу Мухьэб зи унафэщI школым щыхьэщIауэ щытащ РСФСР-м егъэджэныгъэмкIэ и министру лэжьа Афанасенко Евгенийрэ абы щыIу къэпщытакIуэ гупымрэ. Я нэгу щIэкIахэмкIэ Iэзэм, Iуэхум и кьызэгъэпэщакIуэ Iэкlуэлъакlуэм апхуэдэ пщIэр кьихьат и лэжьакIэфIныкIэ.

- ЕгъэджакIуэм и лжьыгъэр сыт хуэдэ зэманми гугъущ икIи жэуаплIныгъэ ин зыпылъщ. Iэзагъэшхуэ пхэлъын хуейщ уи гъэсэнхэм ящыщ дэтхэнэми кьызыхэкIа лъэпкъым хуэфащэ, нэхъыжьхэр къэзымыгъэукIытэн цIыху нэс къызэбгъэкIын папщIэ, - и гъащIэм щыщ Iыхьэшхуэ тыхь зыхуищIа и Iэщlагъэм топсэлъыхь Мухьэб. - ЕгъэджакIуэ нэсыр школым кIуэным, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм пыщIа Iэуху-хэр зэфIихыным хуэпабгъэу щытын хуейщ. Сэ сыкъапщтэмэ, зыгъэпсэхугъуэ зэманыр схуэмыгъакIуэу си Iэнатlэм дапщэщи хуеIэрт сигури си псэри. Апхуэдэт къыздалажь егъэджакIуэхэр. Щапхъэу урикъунти ди школым щезыгъэджа Щэрдан Iэбу и лжьэкIэфIыр. Абы, хуэдэхэм я псэ хьэлэл лэжьыгъэрщ ди школым иIа пщIэмрэ лъытэныгъэмрэ пъабжьэ яхуэхъуауэ щытар. Арат ди гъэсэнхэри, абыхэм я адэ-анэхэри, жылагъуэри къытхуэарэзыуэ, ди лэжьыгъэм пщIэ къыхуащIу дыкъыщIекIуэкIар.

Ди щIыпIэм и закъуэтэкъым къызэгъэпэщакIуэ ахъырзэманым и Iуэху бгъэдыхьэкIощIэр щызэпльысар. Абы теухуауэ ар къыщыпсэльауэ щытащ Егъэджакlуэхэм я урысейпсо, къэралпсо зэхуэсхэу Липецк, Къзэан къалэхэм щекIуэкIахэм. А зэIущIэ инхэм я утыкуэм Жылэм щыпсэльэхэр «Щыхубэ егъэджэныгъэ», «Егъэджакlуэ» журналхэм къыпредзэжауэ щытащ. И лэжьакIэфIыр, егъэджэныгъэ Iэнатlэм зиужьыным хуищI хэльхьэныгъэ иныр кьалъытэри, 1967 гъэм Мухьэб къыфIащауэ щытащ «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр.

Къардэныр ныджэру хэтт жылэм, районым щекIуэкI парт, совет, жылагъуэ Iэхухэмэ. Илъэситкlэ ар щытащ жылэм щызэхэт хозяйствэм и парт зэгухьэныгъэм и секретару. А лэжьыгъэм хилъхьэ жэрдэмыщIэхэмрэ и Iуэху зегъэкIуэкIэ мардэхэмкIэ Мухьэб хуабжьу къыхуэарэзыт КПСС-м и Бахъсэн райкомым и яп секретару а зэманым щыта Ахъмэт Мусэфий.

Депутат лэжьыгъэшхуи кърихьэлIащ Мухьэб. Ар илъэс 40-м щIигъукIэ щытащ район, щIыпIэ советхэм я депутату, абыхэм я гъэзэщIакIуэ комитетым хэту. ЦIыхубэм кърагъэзэ дзыхь лъагэр игъэпэжащ Къардэным. Сыт хуэдэ лъэIуэкIи жылэдэхэм зыкъыхуамыгъэзами, ар хущIэкъуауэ абыхэм я Iуэхур дэкIыным.

- СССР-м плIэнейрэ и ЛIыхъужь, Совет Союзым и Маршал Жуков Георгий Къэбэрдей-Балъкъэрым и Бахъсэн щIыналъэ хэхьилIэ округым къыбгъэдэкIыу плIыщIкIэ хахауэ щытащ къэралым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату. Хэхьигуэ къэс сэ сыщытащ абы ди щIыпIэм щиIэ и дэIэпыкъуэгъуу, - игу кьегъэкIыж Къардэным. - Хэкум I гъэзэджэр, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ щIэрыIуэр дапщащи арэзыт хэхьныгъэм епхауэ къызэзгъэпэщ зэхуэсхэм-кIэ, зэфIэсх лэжьыгъэхэмкIэ.

И ныбжьыр нэсу пенсэ кIуа нэужьи егъэджакIуэ гумызагъэр иджыри илъэс зыбжанэкIэ пэрытащ и Iэнатlэм. УнэтIныныгъэ зыбжанэу зэщхьэщыха къалэнхэм пэлъэщынымкIэ, ахэр къызыхуэтыншэу игъэззэщIэныкIэ Мухьэб дапщэщи чэнджащэ хуфIу яIащ и къуэш нэхъыжь Бубэ. Унагъуэ Iуэхухэр зэкIэлъыгъэкIуэныр бын пIыныр зэпхауэ ябы и щIэгъэкъуэн нэхъыщхьэт и щхьэгъуэ Хьэлимэт. А бзылъхугъэ щыпкъэр, унэгущэ IэкlуэлъакIуэр, анэ, анэшхуэ Iэфыр езыри илъэс куэдкIэ щылэжьащ къуажэм дэт курыт школым, щIэблэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ яригъэджу. Зигурыlуэрэ зэдэIуэжу зэдэпсэу зэщхьэгъусэхэм зэдагъуэтащ икIи зэдапIащ бынищ: хъыджэбзитIрэ зы щIалэрэ. Iэсим, Лариса, Заур сымэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ, Iэщlагъэ ирагъэгъуэтащ. Ахэр псори унагъуэ хъужауэ мэпсэу, къащхьэщыт я нэхъыжьхэм гукъуэу ирамыту, гъащIэм щызыIэрагъэхьэ я екъуIэныгъэхэмкIэ ахэр ягъэгуфIэу, ягъэгушхуэу.

Къардэн зэщхьэгъусэхэу Мухьэбрэ Хьэлимэтрэ зэрызэдэпсэурэ илъэс 60 иригъэущ иджыблагъэ. А махуэр, хьэгъуэлIыгъуэ дахэ хуащIри, адэ-анэ IофIым я хуагъэлъапIащ, я бынхэмрэ я къуэрылъху-пхъурылъхуэхэмрэ.

- ГъащIэр етхьэкIащ пэжу, ди щхьи ди напи демыпщIыжу. Къэралым, дышщалъхуа щIыналъэм ифIрэ и екъуIэныгъэрэ къызэрыкIын Iуэхухэр дгъэзэщIэным, ди къэалэнхэр тэмэму зэфIэтхьыным дыхущIэкъуащ, - жеIэ Мухьэб. - Сропагэ си гъэсэнхэм. Хуэд мэхъу ахэр. Абыхэм ящыщщ Къунашэ Хъэжмуридрэ Мэжидрэ, Къаныкъуэ Мусэфий. Уэ пхыпша лъагъуэр гъуэгу бгъуфIэ зыхуэхъуа апхуэдэ цIыхухэр уи жьк къиныгыр фIыгъуэшхуэу къызолъытэ. Апхуэдэу грогушхуэ къыщIэхъуэ щIэблэм. Абыхэм къагуролуэ гъащIэм щынэхъыщхьэр цIыкугъэ лъагэр, зэхэщIыкI куур, псэ къулеягъир арауэ зэрыщытыр.

Апхуэдэ гъащIэ насыпифIэ, купщIафIэ, лэжьыгъэшхуэхэмрэ Iуэхугъуэ инхэмкIэ гъэщIагъэ, ирехьэкI Къардэн Мухьэб Мацыкъ и къуэм. ЩIэблэр гъэсэным, егъэджэным псэ хъэлэлкIэ бгъэдэта а цIыху щIпкъэр ноби куэдым я чэнджащэгъуэ, я гъуэгугъэлъагъуэщ, я щуикIыгъэ. Къардэнхэ я унагъуэ жьагум и хъумакIуэ нэхъыжьыфIым дохъуэхъу узыншэу, и щхьэгъусэмрэ езымрэ зэкIэрымыхуу, быным, абыхэм я быныжхэм яфI, я гуфIэгъуэ ильагъуу иджыри куэдрэ псэуну.

ЖЫЛАСЭ Маритъ.

Къардэн Мухьэб

Бахъсэн щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и Iэщlагъэлlхэмрэ школ унафэщIхэмрэ и гъусэу. *1978 гъэ*

Зэанэкъилъхуэху *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ)* **Хъалиф, Мухьэб, Женя, Езид**. *1997 гъэ*

Мухьэб и унагъуэр: и щхьэгъусэ Хьэлимэт, и бынхэу *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ)* **Ларисэ, Заур, Iэсим** *1994 гъэ.*

● Ди псэлъэгъуэхэр

ЦIыху зыпI цIыху уасэ хон

Анэ. Дэтхэнэ цIыхуми и гум гуапэу щегъафIэ а псалъэр. Абы къыпкърокI адэжь лъапсэм, анэ гумащIэм, сабиигъуэр щекIуэкIа щIыпIэм епха гукъэкIыжхэр. Бахъсэн къалэ дэс Гугу Рае и Iуэхущ Iафэкъи, и бын пIыкIэкIи, и унагъуэ дахэкIи куэдым щапхъэу яхуэбгъэлъагъуэ хъунущ. Абы ипкъ иткIэ, Рае ущIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ иджыри къэс къикIуа гъуэгуанэм, унагъуэ екIум лъабжьэ хуэхъум, сабийр лъэ быдэкIэ гъащIэм хэувэн папщIэ адэ-анэм я пщэ хъыдэхуэ къалэнхэм тедгъэпсэлъыхьыну.

- Рае, уэ зы унагъуэ и жьэгу пащхьэр хуабэу зыгъаблэ бзылъхугъэ щыпкъэхэм уащыщщ. Уи бынхэр щхьэгъусэншэу ппIащ, уи щIэблэми гъэсэныгъэ ябгъэдэплъхьащ...

- Пасэ зэман лъандэрэ зэрыжаIэщи, цIыху къэс езым и натIэ къретхэ сыт хуэдэ гъащIэ гъуэгуанэ къыпэщылъми. Сэ си натIэ хъуар арати, си жьауэм къыщIэна бынуэр зэрысхуэзэфIэкIым хуэдэу спIащ, си къалэныр згъэзэщIауи арэкъудейщ. Гугъуехьэр зищIысыр жаIэкIэ зэи къыпэуэщIэнэукъым, уэ езыр уIумыуауэ. Аущ, Тхьэм и фIыщIэкIэ, лъэпощхьэпо псоурэ къызэдэнэкIмурэ гъащIэ гъуэгуанэм дыкърикIуащ, дыщигъафIи дыщридудэкIи къыхэкIыурэ.

- ГъащIэм епха бзылъхьэм бзылъхугъэр дауэ зэрыпалъэщыр, Рае?

- Гугъуехьым сыт хуэдиз имыхьэлъагъми, уи натIэ щыхъуакIэ, абы упэщIэтын, къызэрызэбгнэкIыным иужь уитын хуейщ, апхуэдэущ цIыху гъащIэр зэрызэхэлъыр. Сэ нэгъуэщI хэкIыпIэ сиIэтэкъым, зым нэхъ-рэ зыр нэхъ цIыкIужу сабинтху къыхуэнати, тхури сэрат зыщыгугъыр, ахэр гъэшхэн, хуэпэн, егъэджэн хуейт. Сигури си псэри хэльу иужь ситащ фIыуэ щыIэр ябгъэдэслъхьэным.

- Уи бынхэм, дызэрыщыгъуазэщи, я Iуэху хъарзынэщ, щхьэж и къалэн иужь итыжхэщ. Унагъуэ зыуху-хуаехэри яхэтщ, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэри уи куэщI щыбогъафIэ. Жьыщхьэ махуэ ухъуауэ зыкъэпльытэжрэ?

- Пэжыр бжесIэнщи, сыщIэпсэуари, гугъу зыщIеэгъэхьари, си бынхэр балигъ хъуауэ, абыхэм щIэблэ яIэу сльагъуныращ. Жьыщхьэ махуэщ бын гукъуеуэ зимыIэр, щIэблэм я екъуIэныгъэм щигуфIыкIыфыр. Сэ си унагъуэм исхэм сахуэарэзыщ, си къуэрылъху-пхъурылъхуэхэм си гъащIэм къыпащ, нэхъ щIэщыгъуэ, гурыфIыгъуэ сщащIу. Аракъэ насып жьыуаIэр?!

- Дэтхэнэ цIыхуми гум щигафIэ хъуэпсапIэ гуэр иIэщ. Уэ сытыт узыщIэхъуэпсу щытар, Рае, къоХьу-лIауэ насыпифIэ узыщIыр е къомыхьулIауэ узыгъэгумэщIыр?

- Илъэс пщыкIузым сыщит лъандэрэ пшынэ еуэфым сехъуапсэрти, пшынауэ сыхъуну сыхуейт. Ауэ, си жагъуэ зэрыхъущи, зезгъэсэну Iэмал сиакъым. Си адэ тхъэмыщкIэм къыслхуигъадэртэкъым а Iэщlагъэри, сэри абы тезгъэчныныхьакъым. Къыслхуэнэжараци, пшынэ макъамэм сфIэфI дыдэу содаIуэ, псом хуэмыдэу япэм щыIа уэрэдыжьхэм сыщыщIэдэIукIэ куэд сигу къагъэкIыж, си псэм дыхьэу зызогъэпсэху.

Епсэльъэр
КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм и 3-нэ курсым щедж
УНЭЖ Залинэщ.

● Гу зытъытапхъэ

Зауэм теухуа фильмхэм феплъынумэ

Мэлыжьыхьым и 30-м щегъэжьауэ накъыгъэм и 9 пщIондэ Хэку зауэшхуэм теухуа кинофестивалъ Налшык щекIуэкIынущ.

Ди цIыхухэм зэрахьа лIыхъужьыгъэм, зауэм зэтрикъута цIыху гъащIэхэм, зауэлIхэм хэкум хуаIа лъагъуныгъэм ятеухуха фильмхэр Абхазым и утым щагъэувыну киномобилымкIэ ягъэлъэгъуэнущ. Апхуэдэу абы хьэщIэ лъапIэхэр - Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр - къраГъэблагъэну я мурадщ.

Iуэхур жэрдэм ящIу къыззэгъэпэщар КъБР-м ЩIэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ «Киновидеоучреждение» къэрал кIэзонэ Iуэхущ Iапl эмрэщ.

Кинофильмхэр махуэ къэс сыхьэт 19.00-м щIидзэу екIуэкIынущ.

Мэлыжьыхьым и 30-м - «Летят журавли» (1957 гъэ, СССР, 1 сыхьэтрэ дакъикъ 37-кIэ)

Накъыгъэм и 1-м - «В бой идут одни старики» (1973 гъэ, СССР, 1 сыхьэтрэ дакъикъ 32-кIэ)

Накъыгъэм и 2-м - «Мы из будущего» (2008 гъэ, Урысей, 1 сыхьэтрэ дакъикъ 55-кIэ)

Накъыгъэм и 3-м - «Баллада о солдате» (1959 гъэ, СССР, 1 сыхьэтрэ дакъикъ 30-кIэ)

Накъыгъэм и 4-м - «Проверка на дорогах» (1971 гъэ, СССР, 1 сыхьэтрэ дакъикъ 37-кIэ)

Накъыгъэм и 5-м - «Я - русский солдат» (1995 гъэ, СССР, 1 сыхьэтрэ дакъикъ 40-кIэ)

Накъыгъэм и 6-м «А зори здесь тихие» (1972 гъэ, СССР, сыхьэтищрэ дакъикъ 10-кIэ)

Накъыгъэм и 7-м - «В 6 часов вечера после войны» (1944 гъэ, СССР, 1 сыхьэтрэ дакъикъэ 26-кIэ)

Накъыгъэм и 8-м - «Они сражались за Родину» (1975 гъэ, СССР, сыхьэтитIрэ дакъикъэ 40-кIэ)

Накъыгъэм и 9-м - «Освобождение» (1971 гъэ, СССР, 1 сыхьэтрэ дакъикъэ 15-кIэ)

ДОСААФ-м зегъэхьэзыр

Урысейм и ДОСААФ-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ и къудамэм Хэку зауэшхуэм къыщытхьа Текlуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум хэзгъэзэа Iэуху куэд дызыхуэкIуэ махуэхэм иригъэкIуэкIынущ.

Накъыгъэм и 3-м Нарткъалэ къыщызэIуахынущ КъБР-м картингымкIэ пашэныгъэ къыщыхьыным теухуауэ Совет Союзым и ЛIыхъужь Яхэгъауэ Михаил и цIэкIэ къызэрагъэпэщ зэхьэзэхуэр.

Накъыгъэм и 5-м сыхьэти 10-м Текlуэныгъэм и утыкум щежьэнущ Налшык къалэр зэщIэзыгъэхьэну автомобиль зекIуэр. Абы автомашинэу 12 хэтынущ.

Накъыгъэм и 6-м сыхьэти 9-м мафIэ Мыужьыхьыжым деж гъуэгу щытекъэнущ Аруан, Лэскэн, Тэрч щIыналъэхэр зэщIэзыгъэхьэну икIи Елъхъуэт дэкIыпIэм нэсыну автомобиль зекIуэр.

Накъыгъэм и 7-м сыхьэти 9-м 115-нэ шууей дивизэм хэтахэм я фэеплъым и деж щежьэнурэ, автомобиль гупым Шэджэм, Бахъсэн, Дзэлыкъэ, Прохладнэ щIыналъэхэр зэщхьэкIыхьынущ.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацхэхэмкIэ и и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ Iапl э.

Хьэрэдурэ Динэ

Къуныжь Алим

● Пшыхьхэр

Къафэри, уэрэдри, гушыІэри

Къафэр, уэрэдыр, гушыІэр зэуІуу утыку къихьамэ, пщыхьэщхьэр къохъулІауэ бжы! Апхуэдэт иджыблагъэ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ гупым, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и дзжьакІуэ, КъШР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Хьэрэдурэ Динэ, республикэм и цІыхубэ артист Къуныжь Алим сымэ, Налшык къалэ и Курэалым щата концертыр.

ХЬЭРЭДУРЭ Динэ хьэгъуэлІыгъуэ уэрэдкІэ пшыхьыр иришэжьащ. ЗэрытщІэщи, артисткэм и уэрэдхэр нэхъыбэу зытеухуар лъагъуныгъэрщ, гурыщІэ къабзэхэрщ, цІыхухэм я зэхущытыкІэ дахэхэрщ. Мы зэм абы нэгъуэщІхэри хигъахьащ.

Псоми дощІэ уэрэджьыакІуэ бзылъхугъэм ди щІыналъэм и щІыпІэ, къуажэ куэдым уэрэд зэрахуиусар. Апхуэдэщ «Къэбэрдей», «Ислъэмей», «Кушмэзыкъуей», «Инарыкъуей», «Дыгулыбгъуей» уэрэдхэр, нэгъуэщІхэри. Мы концертым Динэ щигъэзэщІар езыр щалъхуа Джылахъстэнейм триухуарщ.

«Кабардинка» гупым хэт щІалэгъуалэм я къэфэкІэм, я фащэхэм сыт щыгъуи хуэдэу гуапэу уІуоплъэ. Удж-хэшкІэ джэгур яублэри, Дер Мухьэмэд и къамэрыфэм, мэздэгу адыгэхэм я къафэми дыхагъаплъэ...

КъыкІэлъыкІуэу утыкур хуит хуащІащ уэрэдыжьхэр зыгъэзащІэ Локъуэ Хьэмидбий. Абы «Уэзы Мурат» уэрэдыжьыр жиІащ.

Концертыр щІэщыгъуэ пщищІу иригъэкІуэкІащ Къуныжь Алим. Артистым и гушыІэкІэм димыхьэх щыІэу къыщІэкІынкъым икІи, сыт щыгъуи хуэдэу, ар гъэщІэгъуэну къеджащ гушыІэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщ зыр Шэджкьхьэщ Хьэмыщэ итха «Сыти си Лэкъумэнт?!» гушыІэрат. Псори мы гъащІэм зэрыщычэзур, уи япэ мывэ хъурей бгъажэмэ, уэрэдыщІэжьыр, лей зепхьэмэ, къызэрыпхуэмыгъур - ахэрт гушыІэм и лъабжьэр.

«Пщы къафэ», «Мэлгъэбэг къафэ», «Уэркъ къафэ», нэгъуэщІхэми дыхагъэплъащ ди къэфакІуэ гъуэзэджэхэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *триухащ.*

«Кабардинка»-р утыку къохьэ.

Куэду зэтепщІыкІ Іэзагъ

● Щыхь

Мэлбахьуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм иджыблагъэ щагъэлъэпІащ зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуа. УФ-м и ТхакІуэхэм, Журналистхэм, Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт Жылэтеж Сэлэдин.

Жэрдэм ищІу зэІуцІэр къызэзыгъэпэщащ «Гум и макъ» зэгухьэныгъэрщ. Абы и унафэщІыр библиотекэм и лъахэхуэтэ къудамэм и дзжьакІуэ нэхъыщхьэ **Безыр Ленэщ.**

ЗэІуцІэ гуапэм къхрихьэлІат филологие щІэныгъэхэм я доктор БакІуэ Хьанджэрий, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ, тхакІуэ Тхьэзэплъ Хьэсэн, «Минги Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ, тхакІуэ Додуев Аскэр, егъэджакІуэхэр, школакІуэхэр, студентхэр.

Къызэхуэсахэр Жылэтежым и гъащІэ гъуэгуанэм кІэщІу щыгъуазэ ящІа иужь, абы и ІэдакъэщІэкІхэм я «дунейм» хьихащ. Сэлэдин и творчествэ къуэпсыбэм и зы Іыхьи гулъытэншэ зэрамащІыним хущІэкъуу, Іуэхугъэпсыр зи гъащІэр гъэнщІа тхакІуэм теухуауэ куэд къагъэнэІуащ.

БакІуэ Хьанджэрий Жылэтежым и Іэзагъхэм ящыщу нэхъ къыхигъэщхьэхуКІар нартхэм ятеуха мультфильм телъыджэ зэрытрихарщ. Додуев Аскэр жиІащ Жылэтеж Сэлэдин Къэбэрдей-Балъкъэрым и творческэ интеллигенцэм и «къру пашэхэм» ящыщу къызэриІытэр.

Жылэтеж Сэлэдин зэрыщІыкІ пэжым, ныбжьэгъуфІым, абы и хьэлэлагъым теухуауэ къэпсэльащ Тхьэзэплъ Хьэсэн.

ГъэщІэгъуэну зэхэухуэна хъуа зэІущІэм къыпащащ Урыху дзт курыт еджапІэ №2-м щІэс зэрыныбжьыщІэ цІыкІухэм. УдимыхьэхынкІэ Іэмал иІэтэкъым абыхэм Жылэтежым и рассказхэр щыгъэпкърахкІэ, и усэхэм къыщеджэкІэ.

ЗэІуцІэм и кІэухым Жылэтеж Сэлэдин къызэхуэсахэм фІыщІэ яхуищІри, и литературэ лэжьыгъэм дяпэкІи пищэну, и щІэджыкІакІуэхэр тхыгъэщІэхэмкІэ игъэгуфІэну къигъэгугъащ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур накъыгъэм и 6-рщ.

● Атлетикэ хьэлъэ

Урысей чемпионатыр къапоплъэ

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм атлетикэ хьэлъэмкІэ и чемпионатыр, «Налшык» спорткомплексым махуищкІэ щекІуэкІар, щэбэт махуэм ирихащ. Спортсмени 110-рэ зэхуэзышэса зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и атлет 32-рэ хэтащ.

ЦІЫХУБЗХЭМРЭ цІыхухъухэмрэ я зэпеуэм дыдейхэм медаль зэмылІэужьыгъуэу 5 кьыщахьащ. КИФЦІ-м и чемпион хъуащ Сатродубцевэ Еленэрэ Тэмазэ Муратрэ. Дыжьын медаль кІихьащ АфІэунэ Игорь. Геккиев Атмиррэ Лукин Артуррэ жэзыр кьаалъысащ. Спортсменхэр я гъэсэнщ тренерхэу Шэкэм Михаилрэ Этезов Вадимрэ.

Зэпеуэм екъуалІэныгъэхэр щызыІэрызыгъэхьа спортсменхэм иджы кьапоплъэ Каспийск щекІуэкІыну урысей чемпионатыр.

ТЕРКЪУЛ Мурат.

«Автозапчасть»-р Къэхъун къыщагъэувыІэ

● Футбол

Ди республикэм футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и етхуанэ джэгуГъуэм щызэхуэзат иджыри къэс зы очкои зымыгъэкІуэда «Автозапчасть»-мрэ абы куэдкІэ къыкІэрымыкуу «Къэхъунымрэ».

КУЭДЫМ яфІэхьэлэмэтт гъуэзэджэу зэпеуэр езыгъэжьа Хьэбылэ Алим зи пашэ бахъсэндэхэм я гъуэгуанэ пЕэщхэмрэ (топ 26-рэ я хьэрхуэрэгъуэхэм худагъэкІат) ныбжьыщІэхэм я деж Европэм и чемпион Къуэшы Амир тезыгъэгушхуэ къэхъундэсхэм я гъуэщхьэхъумэхэмрэ (топи 2 кьыхудагъэкІауэ арат) я зэпэщІэтыныгъэм кьрикІуэнур. Арат «Къэхъуным» и тренер нэхъыщхьэ Чэрты Сраждин иригъэщІа стадионищІэ тельыджэм щэбэт кІуам цІыхур изу кьыщІекІуэлІар.

Хэгъэрейхэм я ебгъэрыкІуэныгъэкІэ зэІущІем кьыщІидзащ. Джэгум и етІощІанэ дакъикъэм абыхэм бжьыгъэ кьызэІуахащ. Уловой кьыхата иужькІэ Къуэшыр щхьэкІэ зэуа топыр гъуащхьэм техуэри кьэпъеижащ икІи абы ящу ямэ Мэкъуауэм ар дигъэкІащ.

Загъэпсэхуну имыкІ щІыкІэ бжьыгъэ зэхуэдэ ищІыну «Автозапчасть»-м хузэфІэкІащ. Хэгъэрейхэм я гъуащхьэтетым и щыуагъэр кьиГъэсэбэпри, Нартыжьыр кьыхэжаныкІащ.

Адэкіи командхэр ерыщу зэпэщІэтащ. ЛъэныкъуитІри текІуэныгъэм зэрыхущІэкъур нэрылъагъут. Арщхьэкіэ зи насып кьикІар къэхъундэсхэрщ. Джэгур иужьым дакъикъипщІ фІэкІа имыІэжу Борийр и закъуэу гъуэм бгъэдыхьэри и командэм очкоищІэ кьыхуихьащ.

Къэхъун кьыщыгъэувыІа хъуащ «Автозапчасть»-м и щІалэгъуалэ гупри. Ар иджыри къэс псоми ятекІуат, арщхьэкІэ иужьрей зэІущІэр 2:2-уэ зэриухам очкоитІ фІигъэкІуэдащ икІи бжьыпэр «Нартым» хуиутІыпщащ.

Балигъэхэми я деж Нарткъалэ и командэм пашэныгъэр щызыІэригъэхьэфынут. Арщхьэкіэ абы къриГъэблагъа «Щтучыр» хуиКІуэтакъым икІи зэрытемыгъэкІуауэ зэбгъэдэкІыжащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым хэт командхэм я етхуанэ джэгуГъуэм къриКІуа бжьыгъэхэм: **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **2:1**, **«Союз»** (Налшык) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **3:0**, **«Бедик»** (Аргудан) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **1:1**, **«Терч»** (Тэрч) - **«Родник»** (ПСынэдахэ) - **5:3**, **«�логоВАЗ»** (Бабугент) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **7:1**, **«Велес»** (Къэрэгъэщ) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **4:7**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«Щтауч»** (Шэджэм) - **5:5**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Къэбэрдей»** (Шэрэдж Ищхьэрэ) - **1:2**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэм зэІущІэнущ: *накьыгъэм и 2-м* - «Автозапчасть» - «Велес», «Щтауч» - «Бедик», «Родник» - «Къэбэрдей», «Псыгуэнсу» - «Нарт» ; *накьыгъэм и 3-м* - «Бахъсэн» - «Спартак-Д», «Шэджэм-2» - «ЛогоВАЗ», «Кэнжэ» - «Союз», «Терч» - «Къэхъун» командхэр.

ХЬЭТАУ Ислъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Къэхъун»	5	4	1	0	17-3	13
2. «ЛогоВАЗ»	5	4	1	0	20-8	13
3. «Нарт»	5	4	1	0	15-7	13
4. «Автозапчасть»	5	4	0	1	27-6	12
5. «Кэнжэ»	5	3	1	1	21-13	10
6. «Союз»	5	3	0	2	15-6	9
7. «Щтауч»	5	2	1	2	12-15	7
8. «Шэджэм-2»	5	2	1	2	5-10	7
9. «Терч»	5	2	0	3	12-18	6
10. «Къэбэрдей»	5	1	2	2	9-15	5
11. «Бедик»	5	1	2	2	8-8	5
12. «Бахъсэн»	5	1	1	3	3-16	4
13. «Велес»	5	1	1	3	10-14	4
14. «Спартак-Д»	5	1	0	4	10-10	3
15. «Псыгуэнсу»	5	1	0	4	4-14	3
16. «Родник»	5	0	0	5	10-35	0

Литературэм и илъэс 2015

УсакІуэ ныбжьыщІэхэр утыку къохьэ

Бэрбэч ХьатІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и библиотекэм щекІуэкІащ усэ пшыхь дахэ, литературэм и илъэсым и щІыхькІэ.

ПШЫХЬЫР къызэригъэпэщащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБКъУ-м и щІэныгъэ библиотекэм щэнхабзэ Іуэхухэр къызэрегъэпэщынымкІэ и къудамэм и унафэщІ Къэмбэчокъуэ Альбинэ.

- Усыгъэм сыт зэмани игъэлъапІэр гукъыдэжырщ, хуабагъэрщ, гъащІэрщ, псэщІэ дунейм кьытехьэрщ, къэунэху гурыщІэ ІэфІхэрщ, - жиІащ Къэмбэчокъуэм. Ар зэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ усытъэм мыхьанэуэ щІыху гъащІэм щиІэм, абы зэхэщІыкІым, гупсысэкІэм зэрызригъэужьым.

Мы гъэм библиотекэм и лэжьакІуэхэм мурад ящІат я тхылъеджэхэм усэ зытхыу яхэт ныбжьыщІэхэр ягъэнэІуэну, ахэр адрей я еджэгъухэм, ныбжьэгъухэм ирагъэуІыхуну, утыку кьрашэну. А мурад дахэри кьайхъулІауэ жьпІэ хъунущ. Усэ зытх ныбжьыщІэ тІощІым нэблагъэ пшыхьым кьрихьэлІащ. Ахэр ныбжькІи, гупсысэкІэкІи, кьызыхэкІа лъэпкъкІи, зыхуеджэ ІэщІагъэкІи зэтехуэртэкъым. Филологхэр нэхъыбэми, химие, тхыдэ, биологие, физикэ щІэныгъэхэм хуеджэхэри яхэтт. УмыгъэщІагъуэу къанэртэкъым усакІуэ ныбжьыщІэхэр, анэдэлъхубзэми урысыбзэми хуэпщэрыуэу зэрытхэхэр. Язныкъуэхэр, усыгъэм кьыдэкІуэу, проэзми я кьару щоплъыж.

УсакІуэ ныбжьыщІэхэр Хьэжьы Лианэ, Эсмурзиевэ Хавэ, Шорэ Маринэ, Балъкъуэ Аэзмэт, Рахаевэ Дианэ, Машхоевэ Фариэз, Тхьэзэплъыж Изаурэ, Малкаровэ Каринэ, Кьарэ Алинэ, ТхьэгъэпсэуЕ ФатІимэ, Батыр Викторие, Гочиевэ Аминэ, Щомахуэ Фаинэ сымэ кьеджащ езыхэм ятха усэхэм.

КъБКъУ-м и биологие факультетым и егъэджакІуэ, доцент Хьэтыхъу Іэубэчыр усэм зэрыдихьэхыр пшыхьым кьрихьэлІахэм яжриІащ икІи ди усакІуэ цІэрыІуэхэу Бещтокъуэ Хьэбас, Къаныкъуэ Заринэ сымэ я Іэдакъэщ Іэкіхэм зэрыпэджэжа усэхэм кьеджащ, пшыхьыр игу зэрыдыхьар, гъэщІэгъуэн зэрыщыхъуар кьыхихгъэщащ.

- Мы зэІущІэм сыкъыщыкІуэм, лъагъуныгъэм теухуа усэ защІэу кьыхьыстхуат зэхэсхынур, ауэ сыщыкуауэ кьыщІэкІащ. Фи Іэдакъэщ Іэкі усэхэм гъащІэм и Іуэхугъуэ куэд кьызэщІаубыдэ, жьжьэ фоплъэ, куууэ фогупсысэ, - жиІащ Хьэтыхъуэм.

ЩІэныгъэ библиотекэм и унафэщІ Унащ Іэ Розэ усэ зэритхыр наІуэ къэхъуащ а пщыхьэщхьэм. Библиотекэмрэ тхылъымрэ цІыху гъащІэм щаубыда увыпІэм, я1э мыхьэнэм теухуауэ итха «Дыбиблиотекэнщэмэ» и усэм Розэ къеджащ.

Библиотекэм и лэжьакІуэ, педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат Борэн Маринэ жиІащ цІыхум и гъащІэм усыгъэм мыхьэнэшхуэ зэрыщиуфыдыр, усэ зэхэдмыхыу, уэрэд демыдаІуэу махуэм зэрыдэдмыхыр. Зэчий зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэр къэхутэныкІэ мыпхуэдэ пшыхьхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэм кьытеувыІащ, ныбжьыщІэхэм я гурыщІэхэр псалъэ шэрыуэхэмкІэ къызэрагъэлъэгъуэфыр, я усэбзэр зэрыдахэр кьыхигъащІащ.

КъБКъУ-м и Филологие институтым и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор Куянцевэ Еленэ ныбжьыщІэхэр кьыхуриджащ я Іэдакъэщ Іэкіхэр мыпхуэдэ пшыхьхэм утыку кьышІрахьэну, тегушхуауэ тхэну, ямыгъэщІкІуу икІи ямыгъэсыжу газетхэм, журналхэм я усэхэр, рассказхэр кьытрыгагъэдэну. Еленэ библиотекэм и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ мыпхуэдэ пшыхьхэр кьызэрызэрагъэпэщым папщІэ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэдымрэ къафэмкІэ «Амикс» театрым и уэрэджьыІакІуэ пажэхэу КІуантІэ Алёнэ, Насып Астемыр, Уэзрокъуэ Темыркъан сымэ.

МЭЗУКЪЭБЗ Дахэлинэ.

● Щэблэ

Лъэпкъ хабзэмрэ бзэмрэ хуауащ

Налшык къалэм дэт сабий гъэсапІэ №46-м иджыблагъэ пшыхь дахэ щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ сабийхэр гъэса хъунымкІэ адыгэбзэмрэ лъэпкъ хабзэмрэ яІэ мыхьэнэм.

ПШЫХЬЫР къызэрагъэпэщащ сабий гъэсапІэм и унафэщІ Жылэ Ингэрэ егъэджакІуэ Гъубжокъуэ Люсярэ. Зэхьыхэм ирагъэблагъащ зи гупсысэкІэ, щапхъэхэмкІэ нэгъуэщІхэм ядгъэушэну гупыж зыщІа адэ-анэхэр.

Пшыхьыр щрагъэкІуэкІ пэшышхуэр ягъэщІэрэщІат Хэкум, щыпсэу къалэм, адыгэ лъэпкъым ятеуауэу сабийхэм ящІа сурэт щхъуэжкІэплъыкІэхэмкІэ, адыгэ псалъэжьхэр зытетхахэмкІэ.

ЗэІуцІэр къызэІуахащ Даур Асльэн и «Адыгэ нэмыс» уэрэдымкІэ. Гъубжокъуэ Люся тепсэлъыхьащ адыгэ хабзэм, анэдэлъхубзэм сабийм и гъащІэм, и гъэсэныгъэм увыпІэ щхьэхуэ щиубыдым зэрыхуейм, хабзэрэ нэмысрэ щыІэжьу унагъуэ узынщэм кьыхэкІ ныбжьыщІэр адрейхэм зэрефІэкІым. Абы кьыхихгъэщащ я гъэсэн куэдым я анэдэлъхубзэр зэрамыщІэм псом япэу адэ-анэм гулъытэ хуащІын, ар унагъуэм кьыщежьэу сабий гъэсапІэхэм, курыт еджапІэхэм щыпащэн зэрыхуейм.

- Бзэм и кьэкІуэнур зэлъытар кьытщІэхъуэ щІэлэгъщ. Ар кьыдгурыІуэу ди сабийхэм анэдэлъхубзэр яІурылъу кьэдгъэтэджкІ, хабзэм щІэтпІыкІым хуейщ, - жиІащ Жылэ Ингэ.

Абы зэхуэсахэм яхуиІуэтэжащ зы адыгэ хъыбарыжь. Гупсысэ нэхъыщхьэу а хъыбарым щІэлъыр сабийхэм нобэ едгъэлъагъу щапхъэхэр пщэдей дуней тетыкІэ зэрахуэхъурщ.

Адэ-анэхэр ирагъэдэІуащ адыгэбзэм, лъэпкъ хабзэм ятеуауэ уэрэдхэм. Ахэри жьджэру хэпсэлъыхьащ зэхьыхьэм дяпэкІэ щІэх-щІэхыурэ ирагъэкІуэкІыну, адэ-анэ нэхъыбэ Іуэхум кьыхахшэну зэрамурадыр.

ГЪУБЖОКЪУЭ Альбинэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Нэщ Іэныджэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щ Іхьэщэмыщ Іи Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КьыдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-32-15; зэдэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьгъэхэм, къыщІэта Іуэхутыныгъэр хъунэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Іугъуэт Заремэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(1, 2, 4-нэ нап.)*, Мырзэкъан ФатІимэ *(3, 5, 6-нэ нап.)*. *КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанпэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №721